Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ даIыгъ

Урысейм ФедерацэмкIэ и Советымрэ Къэрал Думэмрэ дыгъуасэ къалъытащ бэлыхьышхуэ зытелъа республикитIыр хамэ унафэ щIэмыту щытын хуейуэ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№166 (21.324) ● 2008 гъэм шыщхьэIум (августым) и 26, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Республикэ программэ хэхахэм къапэкIуэр къызэрапщытэ щIыкIэм теухуа Положенэм и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2008 гъэм шыщхьэIум и 19-м *№193-ПП*

Бюджет мылъкур нэхъ тэмэму къэгъэсэбэпын, бюджет планхэр зэхэлъхьэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм я лэжьыгъэм щIэгъэкъуэн къыщащI программэ Iэмал пыухыкIахэр егъэфIэкIуэн мурадкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

Республикэ программэ хэхахэм къапэкIуэр къызэрапщытэ щIыкIэм теухуа Положенэу мы Унафэм щIыгъур къэщтэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI
ЯРИН Андрей

Куэдрэ зыщIэхъуэпса махуэ лъапIэ

●Обозревателым и псалъэ

Депутатхэр Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ я унафэщIхэм Iэгу хуоуэ.
Сурэтыр телеэкраным къытхащ.

ИкIи ар къэсащ! УФ-м и Парламентым Урысейм и Президентым зыхуигъэзащ Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ хамэ унафэ щIэмыту къилъытэну. Япэ щIыкIэ апхуэдэ унафэм и телъхьэу Iэ щаIэтащ ФедерацэмкIэ Советым. ИужькIэ апхуэдэ дыдэу ищIагъ палатэм - Къэрал Думэм - къилъытащ бэлыхьышхуэ зытелъа а щIыналъитIыр хамэ унафэ щIэмыту щытын хуейуэ. Ди деж и мызакъуэу, нэгъуэщI къэралхэми мыпхуэдэ къыщыхъур зэзэмызэ дыдэщ: Парламентым и палатитIми хэт псоми - ижьхэми, сэмэгухэми, курытхэми, зи унэтIыныгъэр белджылыщэу щымытхэми - къанэ гуэри щымыIэу зэдэарэзыуэ Iэ яIэтащ зи гугъу тщIы унафэмкIэ. Сенаторхэмрэ депутатхэмрэ дунейпсо жылагъуэм зыхуагъэзащ Абхъазымрэ Осетие Ищхъэрэмрэ хамэ унафэ зэрыщIэмытыр къалъытэну.

ЗЭIУЩIЭХЭМхэтащ Осетие Ипщэм и Президент **Кокойты Эдуардрэ** Абхъазым и Iэтащхьэ **Бэгъэпщ Сергейрэ**. Иужьрейм жиIащ Куржыр псори зэхэту щхьэхуэу зэрыпсэуа илъэс тIощI иримыкъум (1918 - 1921, 1991 - 2008 гъэхэм) Абхъазым бгъуэнейрэ IэщэкIэ къызэреуар. Абы псори зытрищIыхьар езым къыхэс лъэпкъхэр къарукIэ иIыгъынырщ, дигуэнырщ, къыхигъэщхьэхукIащ Бэгъэпщ Сергей. Кокойты Эдуард и псалъэхэми къарыкIыр аращ. Зэрытлъагъущи, куржыхэм куэд ирагъэгъэващ абхъазхэмрэ осетинхэмрэ.

Зэман гъунэгъум дыIэбэжынти. 1992 гъэм куржыдзэхэр Сыхъум дэзэрыгуэу Парламентым и унэм фIэлъ абхъаз ныпыр къыщрадзыха зэманыр сигу къокIыж. Абы щыгъуэм куржы цIыхубз гуэрым газетым мыпхуэдэу щитхауэ щытащ: «Сыт щхьэхуитыныгъэ абхъазхэр зыхуейр? Хэт ахэр щхьэхуиту щызыгъэтынур? Фегупсысыт: зи куэдагъкIэ Тбилиси и «Динамо» стадионым тыншу ихуэну лъэпкъыр хуейщ езыр щхьэхуэу псэуну. Ахэр сыхьэт бжыгъэ нэхъ дэмыкIыу пхуэзэтеукIэнущ!»

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, а цIыхубзым и закъуэкъым апхуэдэу гущIэгъуншэу абы егупсысар.

Иджыри дэ тлъэгъуащ апхуэдэ гупсысэкIэм куржы унафэщIхэр зэрытетыр. Псори зи ягъэр Саакашвили Михаил и закъуэкъым. Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ ехьэлIа Iуэхум ар быдэу щыдаIыгъащ оппозицэми. Уеблэмэ, Саакашвили тракъузэрт къарум хуэкIуэну. Иджы мис зэрыхъуар долъагъу. Лъэпкъ, щIыналъэ зэхущытыкIэхэм къару къыщыбгъэсэбэп зэрымыхъунур къагурыIуакъым.

СлIожь, апхуэдэ кIэ Iуэхум зэригъуэтынур белджылыт. Псом хуэмыдэу Саакашвили зэхищIыхьахэм я ужькIэ. Абхъазхэмрэ осетинхэмрэ хуитщ щхьэхуэу псэуну, езыхэм я гъащIэ гъуэгур къыхахыжыну.

АрщхьэкIэ хъийм икIа бийр къызыхуэдзэлашхэ щIыналъитIыр хъумэн хуейщ. КПРФ-м Къэрал Думэм щиIэ фракцэм и унафэщI Зюганов Геннадий хуабжьу къезэгъыу жиIащ: «Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ хамэ унафэ зэрыщIэмытыр къэплъытэныр мащIэщ. Дэ унафэ къэтщтэн хуейщ ахэр сыт хуэдэ агрессиеми щыхъумэным теухуауэ».

Аращи, гугъу ехьа щIыналъитIыр гъуэгу щхьэхуэ теува хуэдэщ. Ауэ ар щIэдзапIэ къудейщ икIи гъуэгур тыншу яхуэкIунукъым. Нэхъыщхьэр зэгуэр къыхэпха гъуэгум быдэу утетынырщ. ИтIанэ, шэч хэмылъу, уи мурадыр къохъулIэнущ.

ШАЛ Мухьэмэд.

●Гу зылъытапхъэ

«ЛУКОЙЛ»-м къызэIуех

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэ Налшык нобэ къыщызэIуахынущ дагъэгъэсыныпхъэ зэмылIэужьыгъуэхэр щрагъэхъуэну «ЛУКОЙЛ» комплексыщIэр.

АБЫ ирихьэлIэнущ республикэм и унафэщIхэмрэ ирагъэблэгъа къулыкъущIэхэмрэ.

«ЛУКОЙЛ» ОАО-м къыбгъэдэкIыу а Iуэху дахэм хэтынущ компанием и вице-президент **Воробьев В.В.**

АРУАН Алий.

Нэхъ цIыкIу дыдэхэм папщIэ таурыхъхэр

«Сабийхэм - сабийхэм папщIэ» зыфIаща псапащIэ Iуэху иджыблагъэ зэхиублащ Налшык къалэ администрацэм ЕгъэджэныгъэмкIэ и департаментым. Ар хуэунэтIащ Осетие Ипщэм щыщ цIыкIухэм ядэIэпыкъуным.

ПСАПАЩIЭ Iуэхум ипкъ иткIэ, насыпыншагъэ зытепсыха сабийхэр здэщыIэ «Кавказ» санаторэм тыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ тхылъхэмрэ яIыгъыу кIуащ Налшык къалэ администрацэмрэ республикэ библиотекэхэр зэзыгъэуIу IуэхущIапIэмрэ я лIыкIуэхэр.

Нэхъ цIыкIу дыдэхэм папщIэ таурыхъхэр, щIэныгъэ-художественнэ литературэр къызэщIэзыубыдэ тхылъ 500-м щIигъум щыщу 300-р библиотекэхэм я гъэтIылъыгъэхэм къыхахащ, адрей псори налшыкдэс школакIуэхэм махуитI фIэкI темыкIуадэу къызэхуахьэсащ.

ЕгъэджэныгъэмкIэ департаментым и лэжьакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, зэкIэ ящIар псапащIэ Iуэхум и япэ Iыхьэщ, нэхъыщхьэхэр щызэфIахынур гъэ еджэгъуэщIэм щIидзэжрэ школакIуэ цIыкIухэр еджапIэхэм къыщызэхуэсыжмэщ. Абы щыгъуэм ныбжьыщIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм Осетие Ипщэм щыщ сабийхэм папщIэ зэрыджэгу, зэреджэ хьэпшыпхэр, щыгъын хуабэхэр зэхуахьэсынущ, цIыкIухэр щаIыгъ санаторэхэм концертхэр щатынущ.

КУБАДИЕВЭ Нуржан.

Узыншэу, Пекин!

Пекин и Гъэмахуэ Олимп Джэгухэр зэфIэкIащ. Командэхэр хуэм-хуэмурэ я унэ зэбгрокIыж. Зэхьэзэхуэм кърикIуахэм утепсэлъыхьыну, ахэр зэпкърыпхыну зэкIэ пасэщ икIи гугъу хъунущ. Япэ щIыкIэ зэхэгъэкIын хуейщ медалхэр къыщытхуэхьыну щыта спорт лIэужьыгъуэхэм ахэр щIыщытфIэкIуэдам и щхьэусыгъуэр, апхуэдэуи дегупсысыпхъэщ увыпIэ гуэркIи дызыщымыгугъа зэхьэзэхуэхэм дызэрыщытекIуам.

ОЛИМП Джэгухэм я иужьрей махуитIым Урысей Федерацэм и дыщэ медалхэр къыдрахащIеящ Опалев Максим (каноэ), Чахкиев Рахим (бокс), Канаевэ Евгение (гимнастикэ), Тищенкэ Алексей (бокс), атлетикэ псынщIэмкIэ (4/100 цIыхубзхэм), художественнэ гимнастикэмкIэ (цIыхубзхэм). Апхуэдэуи дыжьын, жэз медаль зыбжани къытхэхъуащ а махуэхэм.

ЗэкIэ турнир таблицэм дыхэплъэмэ, долъагъу Олимпиадэм щIимыдзэ щIыкIэ Урысей Федерацэм и командэм зыхуигъэувыжауэ щыта къалэнхэр къызэремыхъулIар. Спортым и лэжьакIуэхэм зэрытраухуауэ щытамкIэ, ди къэралым команднэ зэхьэзэхуэм ещанэ увыпIэр щиIыгъын, псори зэхэту медаль 80-м щIигъу, абы щыщу дыщэу 30 мынэхъ мащIэ къихьын хуеящ.

КъыдэхъулIар япэ закъуэрщ - команднэ зэпеуэм ещанэ дыщыхъуащ. Нобэрей гъащIэм къызэригъэлъагъуэмрэ къэралхэм спортым ират мыхьэнэмрэ, абы мылъкуу трагъэкIуадэр хэтыжу, къэтлъытэмэ, ари Iейкъым. Китаймрэ США-мрэ дазэрылъэщIэмыхьэнур гурыIуэгъуэт Олимпиадэм щIимыдзэ щIыкIи, ауэ дызымыгъэбакъуэу къыдэныкъуэкъуа Великобританием, Австралием, Японием, нэгъуэщIхэми пщIэ лей яхуэфащэщ. Сыту жыпIэмэ, абыхэм я деж спортыр я къэрал политикэм щыхохьэ. Дэ абы дыхуэкIуэн щIэддзауэ аращ.

Пекин щекIуэкIа Олимп Джэгухэр тхыдэм къыхэнэнущ нэхъапэм екIуэкIа псоми нэхърэ нэхъ лъапIэу зэрыщытамкIэ. Абы и къызэгъэпэщынымрэ егъэкIуэкIынымрэ доллар мелард 44-рэ текIуэдащ. Нэщхъеягъэ IуэхукIи тхыдэм къыхэнэнущ мыгъэрей Олимпиадэр - ар къыщызэIуах махуэм, шыщхьэIум и 8-м, Куржым лъапсэрых зауэ Осетие Ипщэм ирищIылIауэ щытащ. Олимп зэщIэхъееныгъэр къызэрежьэрэ мамырыгъэм и нэщэнэу ар дэнэ щIыпIи щрагъэкIуэкI хабзэщ. Уеблэмэ, олимпиадэр щызэхэтынум ирихьэлIэу зэбийхэр зэкIуэжырт, зауэр ягъэувыIэрт, зэныкъуэкъу щыIэтэкъым. Зауэ езыхьэжьа къэралыр Олимп Джэгухэм хагъэтыртэкъым.

Олимп мардэм, Олимп пщалъэм тету щытамэ, Куржым и спортсменхэр мыгъэрей Гъэмахуэ Джэгухэм къыхагъэкIын хуеящ. Ауэ, ищхьэIуэкIэ зэрыщыжытIащи, иджырей зэманым спортыр къэралхэм я политикэм и зы Iыхьэщ, политикэм, зэрыжаIэщи, напитIагъ куэдрэ щызэрахьэ. Аращи, апхуэдэу Iуэхум бгъэдыхьэри, Куржыр мыкъуаншэу къыщIрагъэдзащ, хьэкIэкхъуэкIагъэу Осетие Ипщэм щилэжьар цIыху мамыру минитI зэрызэтраукIар ямылъагъу защIри.

Щэхуу щыткъым дэтхэнэ зы спорт зэхьэзэхуэшхуэми Урысей Федерацэм и спортсменхэм судьяхэр, къызэгъэпэщакIуэхэр нэхъ ткIийуэ къазэрыщыхущытыр, ахэр къызэрыдакъуззэр. Абы десэжауэ щытын хуейт, арщхьэкIэ... Ди хьэрхуэрэгъухэм нэхърэ хуэдитIкIэ дымынэхъ лъэщмэ, хэутэн дащIыну хьэзырщ ищхьэIуэкIэ жыхуэтIахэм.

Мыгъэрей Пекин Олимпиадэми апхуэдэ ныкъусаныгъэ зыбжанэ щытлъэгъуащ. Псом хуэмыдэу спорт гимнастикэмкIэ, боксымкIэ, псы есынымкIэ. Футбол, гандбол, волейбол, баскетбол спорт лIэужьыгъуэхэмкIи ехъулIэныгъэ куэд диIакъым. Нэхъапэм мыбыхэмкIэ бжыпэр тIыгъыу щытащ, судьяхэри къызэгъэпэщакIуэхэри ди спортсменхэм къекъуэншэкIыурэ, я лъэр щIаудащ.

Иджыпсту зыкъэтщIэжу Iуэхухэр дымыгъэзэкIуэжмэ, тIэщIэху хъуа спорт лIэужьыгъуэхэр къэдмыIэтыжу щытмэ, пашэныгъэр щытIыгъ спорт лIэужьыгъуэхэри къыкIэлъыкIуэ Олимп Джэгухэм щытIэщIаудынущ. Ар къагурыIуэу, ди къэрал унафэщIхэм ахъшэшхуэ спортым хухах хъуащ.

Дэнэ щIыпIэкIи ухуэныгъэхэр щрагъэкIуэкI, тренерхэм, спортсменхэм я пщIэр яIэт, я улахуэм хухагъахъуэ, спортым зезыта сабийхэр нэхыбэ хъу зэпытщ. Абы фIы къызэрырикIуэнум шэч къытетхьэркъым. КъыкIэлъыкIуэ Олимп Джэгухэми япэ, етIуанэ командэ увыпIэхэр щытхуэмыубыдми (зэкIэ пасэщ абы зетпщытыну), ещанэ нэхъ лъахъшэ дыхъункъым, Тхьэм жиIэмэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

УвыпIэр	Командэр	Дыщэ	Дыжьын	Жэз	Псори зэхэту
1	Китай	51	21	28	100
2	США	36	38	36	110
3	**Урысей Федерацэ**	**23**	**21**	**28**	**72**
4	Великобритание	19	13	15	47
5	Германие	16	10	15	41
6	Австралие	14	15	17	46
7	Ипщэ Корее	13	10	8	31
8	Японие	9	6	10	25
9	Италие	8	10	10	28
10	Франджы	7	16	17	40





Пекин Олимпиадэм и иужьрей теплъэгъуэхэр.
2008 гъэ, шыщхьэIум и 24

КъБР-м и ехъулIэныгъэхэри щагъэлъагъуэ

ШыщхьэIум и 28-м щыщIэдзауэ фокIадэм и 18-м нэсыху Налшык къалэм шахматымкIэ цIыхубзхэм щрагъэкIуэкIыну дунейпсо чемпионатым и сайтым иужь зэманым иралъхьащ а зэхьэзэхуэ иным хэтынухэм ятеухуа информацэр, апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыгъуазэ узыщI видеоролик.

ДАКЪИКЪИБГЪУКIЭ урысыбзэкIи инджылызыбзэкIи екIуэкI фильмыр теухуащ республикэм и тхыдэм, абы и щIыуэпсым, экономикэм, щэнхабзэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр дуней псом хэIущIыIу щызыщIа цIыху хьэлэмэтхэу дирижер Темыркъан Юрэ, художник Шемякин (Къардэн) Михаил, «Кабардинка», «Балкария» къэфакIуэ ансамбль цIэрыIуэхэм.

Апхуэдэу къагъэщIэрэщIэжащ дунейпсо чемпионатым и спонсорхэм («Спорт» телеканалым, «Российская газета» газетым, «Интерфакс» хъыбарегъащIэ агентствэм, «Маяк» радиостанцым), чемпионатым ахъшэкIэ зыщIэзыгъэкъуа фирмэхэм (спонсор нэхъыщхьэ «Синдика» холдинг компание акционер обществэ зэхуэщIам, «Тэрчалмаз» акционер обществэ зэIухам, «СН» ООО-м, «ЮТК» акционер обществэ зэIухам, «Россия - Юг - медиа» компанием) ятеухуауэ сайтым итхэр.

ШахматымкIэ дунейпсо чемпионатым и сайтым еплъхэм апхуэдэу щыгъуазэ защIыфынущ хьэуа, гъущI гъуэгу транспортыр зэрызекIуэм, хьэщIэщхэм я щытыкIэм. Дэтхэнэ дакъикъэми Налшык къалэм дунейм щищытыкIэр гидрометцентрым къигъэщIэрэщIэж зэпыту екIуэкIынущ. Дэтхэнэ информацэри урысыбзэрэ инджылызыбзэкIэ сайтым итынущ.

ШыщхьэIум и 28-м щыщIэдзауэ фокIадэм и 18-м нэсыху екIуэкIыну зэIущIэхэр сайтым иту дуней псом щызэбграгъэхынущ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

Дунейм щыхъыбархэр

НэгъуэщI Iэмалхэм фIым ухуашэркъым

УФ-м и Президент Медведев Дмитрий IущIащ Молдавием и Iэтащхьэ Воронин Владимир.

Ахэр тепсэлъыхьащ къэралитIым я зэхущытыкIэхэм я лъэныкъуэ куэдым. Медведевым къыхигъэщхьэхукIащ щIыналъэ зэхущытыкIэхэм хуабжьу хуэсакъын зэрыхуейр. Мыбдеж къару ущыхуекIуэ хъунукъым, жиIащ УФ-м и Iэтащхьэм. Абы узыхуишэр нэрылъагъу хъуащ Куржым и президентым зэхищIыхьахэмкIэ. ЩытыкIэр зэтес ящIыжыну хуеймэ, лъэныкъуэхэр абы пIалъэ кIыхькIэ егугъуу елэжьын хуейщ.

Молдавием и Iэтащхьэм жиIащ Приднестровьем пыщIа Iуэху псори мамыр IэмалхэмкIэ фIэкIа зэрызэфIамыхынур. Дэ дощIэ нэгъуэщI Iэмалхэм фIым узэрыхуамышэр, къыхигъэщащ абы.

Тегеран кIуэрт

Бишкек (Къыргъыз) и аэропортым и гъунэгъуу щыкъуташ «Боинг-737» кхъухьлъатэр.

Тегеран кIуэ а кхъухьлъатэм иса цIыху 68-ри хэкIуэдащ.

ЩIыIэ мэхъу

Синоптикхэм зэрыжаIамкIэ, шыщхьэIум и 26-м Москва щIыIэ щыхъунущ.

Температурэр зэуэ градуси 10-кIэ ехуэхынущ, уэшхышхуэ къешхынущ уафэгъуагъуэ щIэту. Дунейм и щытыкIэр щызэIыхьэнущ нэгъуэщI щIыпIэхэми.

(ИТАР-ТАСС).

Нобэ

♦Илъэс 230-рэ и пэкIэ (1728) урыс кхъухьзешэ Беринг Витус къызэIуихащ Азиемрэ Америкэмрэ яку дэлъ псы дэжыпIэр (иужькIэ абы езым и цIэр фIащащ).

♦Илъэс 65-рэ и пэкIэ (1943) СССР-мрэ Мысыр Хьэрып Республикэмрэ я дипломат зэпыщIэныгъэхэр зэтрагъэуващ.

♦Илъэс 15 и пэкIэ (1993) Iэтрадзащ Урысей Федерацэмрэ Словакие Республикэмрэ зэныбжьэгъу зэхущытыкIэхэр зэхуаIэным, зэдэлэжьэным теухуа зэгурыIуэныгъэмрэ УФ-мрэ Чехие Республикэмрэ зэныбжьэгъу зэхущытыкIэхэр зэхуаIэным, зэдэлэжьэным теухуа зэгурыIуэныгъэмрэ.

♦Илъэс 65-рэ и пэкIэ (1943) СССР-м, США-м, Инджылызым, Канадэм я правительствэхэм жаIащ Лъэпкъ щхьэхуитыныгъэмкIэ Франджы комитету Шарль де Голль зи унафэщIыр къызэралъытэр.

♦Илъэси 125-рэ и пэкIэ (1883 гъэм шыщхьэIум и 26 - 27-хэм) Индонезием лъэщу вулкан къыщыуащ. Абы ирихащ Кракатау хытIыгур.

♦ШыщхьэIум и 26 - 29-хэм Къэзан щекIуэкIынущ «ЩызэIущIэ щIыпIэр Тэтэрстанырщ-2008» 16-нэ сату-промышленнэ выставкэ-жармыкIэр.

♦Илъэс 95-рэ и пэкIэ къалъхуащ урысей тхакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь Чаковский Александр (1913-1994).

♦ **Дыгъэр къыщIэкIащ сыхьэти 6-рэ дакъикъэ 24-м, къухьэжынущ сыхьэт 19-рэ дакъикъэ 54-м.**

♦ **Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 13-рэ дакъикъэ 30-рэ.**

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар **МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэдщ.**

IэщIагъэншэм и шэрхъ лъэныкъуабэщ.

Дайверхэр Гуэл щхъуантIэхэм йохъуапсэ

●Япэ дыдэу

Шэрэдж куейм и Гуэл щхъуантIэхэм дайвинг спортымкIэ урысейпсо зэхьэзэхуэхэм щыщIедзэ.

ЩIЭНШЭУ къалъытэ гуэлым нэхъ кууу ехынымкIэ я зэфIэкI ягъэлъэгъуэнущ Москва, Новосибирск, Санкт-Петербург, Томск къалэхэм къикIа дайвер цIэрыIуэхэм. Ди щIыпIэм япэу къэкIуа спортсменхэм гъэщIэгъуэныщэ ящыхъуащ Гуэл щхъуантIэхэм я дахагъымрэ ахэр зэрыкуумрэ. Москва къикIа хьэщIэхэм псым щыщ къыздащтащ, абы и зэхэлъыкIэр нэсу къапщытэн папщIэ. Урысейпсо зэхьэзэхуэр тхьэмахуэкIэ екIуэкIынущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

ЗаводыщIэ къызэIуах

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и Президент ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий иджыблагъэ яIущIащ «Бетек» тырку фирмэм и лIыкIуэхэм. Ахэр тепсэлъыхьащ лэч къыщIэзыгъэкI завод щIыналъэм щыухуэным теухуа Iуэхугъуэхэм.***

ПРЕЗИДЕНТЫМ зэIущIэм къыщыхигъэщащ экологие и лъэныкъуэкIэ заводым и зэран республикэм къемыкIыну щытмэ, хьэщIэхэм я жэрдэмыр зэрадиIыгъыр икIи ухуэныгъэхэм щIадзэ зэрыхъунур.

«Экологие и лъэныкъуэкIэ Адыгейр щIыналъэ къабзэущ къызэрацIыхур. Абы къыхэкIыу, сыт хуэдэ инвестицэ Iуэхугъуэхэми япэ щIыкIэ дызэреплъыр зы лъэныкъуэкIэщ - абы и зэран къызэрыдэмыкIынырщ. ИужькIэщ экономикэ фейдэр къыщытлъытэр», - яжриIащ хьэщIэхэм ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий.

«Бетек» фирмэм и лIыкIуэ Йолтекин Севим Iуэхум къыдэкIуэу къыхигъэщащ я заводым и оборудованэхэмрэ техникэхэмрэ иджырей мардэм къызэритIасэр, къыщIагъэкI продукцэхэм, псалъэм папщIэ, ухуэныгъэ, унэлъащIэ лэчхэм, шхэпсхэм дэнэ щIыпIи щIэупщIэшхуэ зэрыщаIэр, экологие зэраныгъэ къызэрамышэр.

Зэкъуэтыныгъэм къыхураджэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Урысей Федерацэм иригъэкIуэкI къэрал лъэпкъ политикэм ипкъ иткIэ УФ-м ЩIыналъэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и нэIэ щIэту фокIадэм и 16 - 19-хэм Къэрэшей-Шэрджэсым щызэхэтынущ Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм я сабийхэм я зэхуэсышхуэ, «Кавказым и сабийхэр Кавказым мамырыгъэ щыIэным и телъхьэщ» къыхуеджэныгъэм щIэту.***

КАВКАЗЫМ и сабийхэм я зэхуэсым хыхьэу мамырыгъэм теухуа, лъэпкъ, дин шыIэныгъэхэм хуэзыгъасэ «стIол хъурейхэр», спорт зэхьэзэхуэхэр екIуэкIынущ. Абыхэм ядэлэжьэнущ егъэджакIуэхэр, психологхэр, политологхэр, нэгъуэщIхэри.

Зэхуэсым кърихьэлIэнущ Урысей Ипщэм и щIыналъэ 13-м я лIыкIуэхэр, илъэси 10 - 14 зи ныбжьхэр. Абы нэмыщIкIэ, Осетие Ипщэм и сабий 70-м нэблагъэ кърагъэблэгъэнущ.

Къэрэшей-Шэрджэсым и президентым и пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ, сабийхэм я зэхуэсым текIуэдэну ахъшэр федерал бюджетым къыхэкIынущ.

БЭТОКЪУЭ Алый.

ПсэупIэр зейхэмрэ унафэщIхэмрэ

● ЗэIущIэхэр

Налшык къалэ администрацIэм щекIуэкIащ псэупIэр зейхэм я зэгугъхьныгъэхэм, управляющэ компаниехэм, ЖЭУ-хэм, анхуэдэу къалэм и псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и IуэхущIапIэхэм я унафэщI псори зыхэта зэIущIэ.

АБЫ ЩЫТЕПСЭЛЪЫХЬАЩ «2008 гъэм фэтэр куэд хьу унэхэр капитальнэ ремонт зэращIынур» жыхуиIэ мурад пыухыкIам тещIыхьа федерал программэр гъэзэщIным кыдэнэху ушIхэхэмрэ пэпощхьэпохэмрэ икIи а организацIхэм мыгъэрей гъэшIыныгъэм зэрыхуэхьэзырым теуха отчетхэм щедIэуащ. Нэгъабэ бадзэуэгъуэм кьащта федерал законым (№185-ФЗ) ипкъ иткIэ, программэм хагъэхьа унэхэр кьызыхуэтыншIэу зэгъэпэщыжыным текIуэдэнym и процент 95-р («ЖКХ-м щекIуэкI реформэр дэIыгъныкмкIэ фонд» Къэрал корпорацIэм кьыбгъэдокI, адрей проценти 5-р псэупIэр зейхэм я мылькущ. Фигу къэдгъэкIыжьынщи, а мурадым папщIэ мазэ и пэкIэ къалэм кьраташ сом мелуан 234-м нэблагъэ. Иджы муниципалитетым и къалэн нэхъыщхьэр ар фейдэ пылъу кьигъэсэбэпныкIыр.

Реформэм екъэлIа Iуэхухэр мыщIэщыгъуэжми, ЖЭК-хэм хуэдэ организацIэхэр къалэм кьызэрыщыуэнэхуэр ильэси 3 хьуами, унафэщIхэмрэ псэупIэр зейхэмрэ упщIэ куэд зэхуаIэщ.

Кьащтэмэ, нэхъ гуащIэу зытепсэлъыхьахэм ящыщщ пхъэнкIийр зэрыIуашым екъэлIар.

ЗэIущIэр езыгъэкIыжьа, къалэ администрацIэм и Iэтащхьэм и къалэныр зыгъэзащIэ Сорокин Виктор кьызэригъэлъэгъуамкIэ, пщIантIэхэр зэрагъэкъабзэм пэкIуэ уасэр мыгувэу яхъуэжьынущ. Управляющэ компаниехэмрэ ТСЖ-хэмрэ я унафэщIхэм нобэ къекIуэкI уасэхэмкIэ зэгурыIуэныгъэхэр иращIылIэн хуейщ пхъэнкIийр дэзыщ «Спецавтотранс»-м е апхуэдэ IэнатIэм пэрыт нэгъуэщI организацIэм. ЖЭК-хэм егъэбыдылIа унэхэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэр зэрыщытауэ кьэнэжьынущ. «Спецавтотранс»-м и унафэщIу иджыблагъэ ягъэува Хьэжу Залым кьалэн щащIащ а Iуэхум ткIийуэ кIэлъыплъынy.

Сорокин Виктор жэуап яритащ зэхуэсахэр зыгъэпытей нэгъуэщI упщIэ куэдми.

«ЩIыуиэм и зэхуэдитIыр приватизацIэ ящIапэ коммуникацIэм дыбгъэдыхьэну Iэмал дымыгъуэтмэ, сыт тщIэнур?»

ЩIыуиэхэри, унэм егъэщIылIа адрей щIыхэри щыпсэухэм я мылькущ икIи ар зыIэщIэлъым абы хуэзэ уасэр щIитыну и кIалэмкIэ. ЗыщыгъэгъупщIи хуейкъым инженер ухуэныгъэ псори зэхуэдэу кьагъэсэбэпыну зэрыкъуитри, ар зэгъэсбыдылIам комуникацIэм и бгъэдыхьэпIэхэр зэIухуаду зэрихьумапхъэр.

«Ильэс зэкIэлъыкIуэхэм унэм щыщ Iыхьхэр тэмэму яхуэмыгъэпIлъу щIымахуэм пэшхэм хуабэр градус 12-16 фIэкIа щымыхьымэ, сыт тщIэнур?»

УК-м е ТСЖ-м «Хуабээнерго»-м ирищIылIэн хуейщ лъныкъуитIми яхь жэуапныгъэр щыщIэгъэбыда зэгурыIуэныгъэ - псэупIэр зейхэм и чэзум и уасэр ятыным, организацIэм ахэр хуабэрэ электрокъарукIэ зэщымыууэ кьызэригъэпэщыным теухуауэ.

«Уэнэм льготэ зиIэ куэд щыпсэумэ, къэралыр управляющэ компаниехэм ядэIэныкъуфыну?»

Хьэуэ, управляющэ компаниехэм папщIэ апхуэдэ къэрал льготэ лъэпкъ законым щыубзыхуакъым.

«Бэджэнду яIыгъ щIыуиэм хуэзэ пшIэр управляющэ компанием е ТСЖ-м я мылькым халъхьэ хьуну?

Хьунущ. ПсэупIэр зейхэм я арэзынигъэ зэтIущIэм зыхуэфащэ унафэ кьыщащтэмэ, УК-р е ТСЖ-р хуитщ щIыуиэр бэджэнду ягъ абы хэхъуэ кьыпихыну. Ауэ ар къалэ администрацIэм нэхъапэкIэ итауэ щытатэм епхьэлIэ хьунукъым.

«Яп кьатым щыIэ фэтэрхэр зыIыпГ е аэрр бэджэнду къэзыщта тыкуэнхэмрэ организацIэхэмрэ унэхэр кьызыхуэтыншIэу зэгъэпэщыжыным мылькукIэ хэувэн хуей?»

Iэмал имыIэу. ПсэупIэр зейхэм ещхьыркъабзэу, абыхэми аэрр я уней мылькущ. Абы кьыхэкIыу яIыгъ щIыпIэр зыхуэдизым тещIыхьауэ ремонтым хэтыпхьэщ.

«Зэлъэкьнуэхэм щIыхьэпIэхэр щхьэ хэмыгъэ?»

КъыхьыхьэтыншIэу зэрагъэпэщыжьынуэхэм хохьэ инженер ухуэныгъэхэр, ток, хуабэ, газ, псы кIуапIэхэр, щIыунэхэр, Iупльапlэхэмрэ унащхьэхэмрэ. Мыбдежым къэралым зытрищIыхьыр унэр щынагъэнпIэу нэхъыбэрэ кьызэрагъэсэбэпынырщ. Араш япэу мыльку зыхухихри.

«ЕтIанэгъэ ятыну заявкхэхэр иджыпсту ягъэхьэзыр. Ильэс дапщэ и ныбжьым хуей унэм, программэм хагъэхьэн щхьэкIэ?

Фэтэр куэд хьу унэхэр зэгъэпэщыжьынм теуха программэм гъэ къакIуэ фыхатхэн папщIэ, Iэмал имыIэу вгъэхьэзырын хуейщ унэр ильэс дапщэ хьуми кьызыгъэльагъуэ, абы и инженер ухуэныгъэхэм, и унащхьэр, нэгъуэщIхэри иужьу щызэрагъэпэщыжам щыхьэт техьуэ тхьылъэр. Абыхэм ящхьи икIи, апхуэдэу унэм и унафэр зыIэщIэлъынур, ремонтым мылькукIэ фызэрыхьыхьфынур зэIуб3 фщIымэ, Фондым зыхуей ахьшэр кьыуTIыщынущ.

ИужькIэ Сорокин Виктор едIэуащ подрядчикхэр кьыгъэрыхахьм, щIымахуэм зэрызыхуагъэхьэзырым теухуауэ УК-хэмрэ ТСЖ-хэмрэ я унафэщIхэм я отчетхэм.

ДЗЭМЫХЬ Лилэ.

● Гъуазджэ

«Ислъэмей» ансамблыр.

Адыгэ фестивалыр гум ихуркъым

Тыркум щыIэ Къайсэр къалэ илъэс къэс адыгэ фестиваль щегъэкIуэжыныр хабзэ дахэ хуэщI. А Iуэхур къызэрегъэпэщ адыгэу мин 50 щыпсэу къалэм и Хасэм (езы Къайсэр щыIуэу дэсыр медуаным ноблагъэ). Мыгъэрей фестивалым хэтыну пращъэбдзэгъахэм пщIэщхуэ яIащ: къалэкум щыIэ парк щыхуэ зыгъэпсэжупIэ уардэунэм и бжэхэр кьызэIуэзыхар ахэращ.

Лъэпкъ Iуэху зэдащIэ

Къэбэрдей-Балькъэрым, Адыгеим, Иорданием щыщу фестивалым хэтыну ирагъэблэгъа артистхэм (ахэр щыуу 50 хьурт) журналистхэри зэрахэтар ди гуапэт.

Къайсэр Адыгэ Хасэм хэт кьыдзэгъэпэщакIуэхэр фестивалыр зэрыкIуэрыгъэ щIыкIэмкIэ еIэнджэщащ лъэпкъ щэнхабзэм кIууэ хэзыщIыкI. Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъуэм и лъэс зыбжанэкIэ ядэлэжьа Думэныщ Iуулэдин. Концертыр езыгъэкIуэкIари режиссер кьалэнхэр зи пщэ дэлъари Профсоюзхэм Щэнхабзэмкlэ я унэу Налшык дэтым и режиссёр Гумэ Маринэщ.

КхъухьльатэкIэ Истамбыл щетIысэхыу, адэкIэ Къайсэр нэсыху сихьэт 12-кIэ автобусым ису кIуа гуп нэжэгуэжэ зы теуГъуй я закъуэу щытакъым - Къайсэр Хасэм хэт щIалэ зыбжанэм я пщэ дальхьэкат хэжужьым кьикIахэр сыткIи кьызэгъэпэщыныр. Ики, пэж дыдэу, фестивалымрэ хьэщIэ гупымрэ пыщIауэ хуабжьу Iуэхугъуэ куэд кьыкIэльыкIуэ махуитI-щым зэфIагъэкIащ абыхэм. Хасэ тхьэмадэ Есэн Сэйфэдинрэ абы и къуэдзэ Шыкъ Мухьэмэдрэ илъэс блэкIахэми фестивалым я гуащIэ куэд хальхьат, мы гъэм щэнхабзэ зэкъыхьэшхуэр кьызэгъэпыщыным хэтахэщ Бешто Илмэз, ХьэкIашэ Ерчэн, Бзаджэ Рэгъип, Думэныщ Фарид, Iэнхутэ Аднан сымэ, нэгъуэщIхэри. Я щхьэ Iуэхухэри я зыгъэпсэхунри IэщIыбэ ящIри, а гупым гугъу зрагъэхьащ, фестивалыр екIуу дэкIын, ирагъэблэгъа я лъэпкъэгъуэхэр гуапэу ягъэ хьэщIэн папщIэ.

ГуфIэгъуэ пшыхьыр доублэ

Хэкужьми нэгъуэщI къэралхэми кьыкIа артистхэр бадзэуэгъуэм и 11-м Къайсэр къалэ нэху кьыщекIащ икIи концертыр щатыну уардэунэ иным жьыуэ щызэхуэсри пшыхьыр зэрызэхэ тыну щIыкIэм зэ ирипльэжащ. Къайсэр дзэ адыгэхэм нэмыщI, фестивалым еплъыну къэкIуат Истамбыли, нэгъуэщI щIыпIэхэми щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэр. Щэнхабзэ зэкъыхьэ щIалэгъуалэр джэгушхэкIэ Iущащ, щIыпIэщIыхь уегъэзэзэкI щыхьым щыщIыуду кьешIха уэшхьм зы теуГъуйкIэ игъэбзяуахэм аргуэру зэхуэдэжри нэгъэзыужь къафэ хэм кьыпащащ. А псом кьыхэкIыу фестивалыр кьыщцязэIуахьн хуея пIалъэр сыхьэтым нэблагъэкIэ гуващ.

Уэй, жи, нобэ ди зэхьыхьащ, Адыгэ лъэпкъым ди махуэщ!

Адыгэр зэхэпльэжьыну, Адыгэр зэхэжьыну Iэмалыр догъуэтри,

догуфIэ!

ГуфIэгъуэ пшыхьыр доублэ!

Уоу, жи,

Адыгэ пшыхьыр идогъажьы!

Апхуэдэ псалъэ гукъинэжхэмкIэ зэхаублащ Къайсэр щекIуэкIа адыгэ фестивалыр. Гумэ Маринэрэ Думэныщ Фаридрэ зэгъусэу ирагъэкIуэкIар. Гъэльэгъуэныгъэ екIукIэ пшыхьыр кьызэIуихащ лъэпкъ уэрэдымрэ кьафэмкIэ «Ислъэмей»-кэрал ансамблым (Мейкьуаупэ). Сыхьэтым щIигъуэкIэ абы хэм я зыкъэгъэльэгъуэныгъэр екIуэкIа иэжь, пшыхьым и етIуанэ Iыхьэм и пэ кьихуэу псалъэ ираташ Къайсэр Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Есэн Сэйфэдин. Абы фIыщIэ яхуищIащ фестивалыр егъэкIуэкIыныр кьадэзыIыгъ кьалэ унафэщIхэм, абы кьыдэкIуэу я цIэ кьриIуащ икIи дамыгъэ щIхьэхуэкIэ игъэльэпIащ лъэпкъ Iуэхум кьыхэжаныкI щыху зыбжанэ. Апхуэдэ щхьэусыгъуэ дахэкIэ ётыкум кьрашащ адыгэ уэрэдхэмрэ Iуэрыуатэмрэ зэхуэзэхьэсыж уэрэдыкIакIэ щIрыпIу Кьуцихьэ Догъэн, анэдэлъхуэбзэм куэд щIауэ еэжьащ. Бэр Хьикмэт, пщIэ зиIэ нэхъыжь Уэздемыр Озбай, Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм бзэмрэ хабзэмрэ ящымыгъупщжьыным ильэс зыбжанэкIэ телэжьа Думэныщ Iэуэдин, нэгъуэщIхэри.

Фестивалыр гукъинэжщIысхуэхъун щхьэусыгъуэ сэри си куэдт, ауэ псом хуэмыдэу гуапэ сщIыхъащ абы и етIуанэ Iыхьэр кьызэIуэхыну Iэмал кьызэрызатар - сэ сыкъеджащ «Адыгэ зэхьблэ» зыфIэсща си усэм.

Бахьсэн щыщу ди лъэпкъэгъу хэхэсхэм кьащIыхуар си закъуэтэкъым - адэкIэ абыхэм я пащхьэ кьихьащ «Предаторс» кьэфакIуэ щIалэ гупыр. ДегупсысыкIри, Гупым зыфIищIыжар адыгэбзэкIэ зэддзэкIащ «Къапльэнхэр» жиIэу. Брейк-данс щIалэгъуалэ кьэфэкIэм кьеГъэув ар зыгъэзащIэхэр бланэу щытыну. Мы щIалэхэр зэрыкъуурэфIэм кьыдэкIуэу, щIэщыгъуэм тогушхуэ: лъэпкъ макъамэ щIэту иджырей кьафэкэр ягъэув. «Къапльэнхэм» я къэфэкIэм екIуу хэуващ «Кабардинка» къэрал ансамблым хэт пащащ Битокъу Оксанэ. ЩIалэхэмрэ абыхэрэ зэдагъэзэзэ-щIащ «Бжьэдыгъуислъэмей». Битокъум Iэгуауэ и куэдт а пщыхьэщхьэм: абы и «Пщащэ закъуэ къафэр» зыльэгъуэахэм зэи ящымыгъупщэну жаIэрт.

Адыгэ фашэ зыщыгъэрэджьыIакIуэ пщащэ цыкIуитIым - Иорданым кьикIа Абазэ Баринэрэ Адыгэ Республикэм щыщ Дзыбэ ФатIимэрэ - я зыкъэгъэльэгъуэкIэм хуабжьу игъэджащ пшыхьыр.

Концертым и кIэухуэу утыку кьихьащ адыгэ псори зэрыгушхуэ ди артист цIэрыIуэжэу Нэхущ Чэримрэ Лосэн Iимуррэ икIи ягъэззащIащ Тыркуми нэгъуэщI къэралхэми щыпсэу адыгэхэм фIыуэ ялъэгъуэ уэрэд зыбжанэ.

ГуфIэгъуэ пшыхьыр уджкIэ иухащ, ауэ зыкъэзыгъэльэгъуэнухэм я ёжькыгъэр зэфIэкIами, абы кьыкIэльыкIуэрт зэпсэльэныгъэ, зэIущIэ дахэхэр, етIуанэ махуэм кьахуихьа нэгъуэщIхэм зэкIуэр...

Сыт нобэ дызэтезыIыгъэр?

Тыркум дыщыщыIа ма-лъэпхъащэрт, ауэ зэгуэрым, ди гупым щыщ зы щIалэ си гъусэу джэдыр зэбгрыдоху жьитIэри, мывжкIэ зы гуэгуш пIэтIауэу кьидуащ. Джэдкъазыр зейм щхьэкIэ дыгуэзвэжащ, гуэгушыр фIэдгъэжри, унагъуэм яхудедгъэхьэжащ. Унэм кьыщIэкIар нанэт. Къэхъуар кьыщищIэм, абы жиIащ: «Сыт гуэгушыр зищIысыр - зы джэдыкIэщ. Абы щхьэкIэ адыгэ щIалэ ягу хэдгъэщIын? Фыкьыхсхуеджэ тIуми, згъэхьэщIэнущи!» АрщхьэкIэ, дэдыукIытэрти, зыдгъэпщкIужащ а махуэм. ЕтIуанэ махуэм дылажьэу гупыр дызэхэту, дыплъэмэ, долъагъу: нанэр хуэмурэ кьокIуатэ, гъунэгъу кьэхъупащ. Деплъмэ, шхыныгъуэ хьэлэмэтхэр тету Iэнэ хуэрейр IэщIэтщ. ДыщыхьэмыкIуэм - шэджагъуашхэ дигъэщIыну я езым кьытхудихауэ арат...

Куэдрэ си нэгу кьыщIохьэж а нанэр. Адыгагъэр тфIэкIуэдауэ кьэсльытэнукъым, апхуэдэу адыгэпсэ зыIут срихьэлIэху...

- Адыгагъэр, адыгэ гупысэкIэр щIыху щытыкIэщ, - жиIэ нэгъуэщI ди лъэпкъэгъу щIалэ, ищхьэкIэ зи щIэ кьитIуа Бешто Илмэз, - Псалъэжьым зэрыжиIэщи, «Цыхугъэ зимыIэм, адыгагъэ хэлъкъым». Адыгагъэр ар цIыхугъэ, нэмыс, акъыл, лIыгъэ, напэ кьабзэ, дахагъэ, пэжыгъэ, хьэтыр, гуапагъэ, гущIэгъэ, гулъытэ, гукъэкI, фIыщIэ, зэхэщIыкI, укIытэ щIыхуэм хэлъу псэунраш. Цыхуэм адыгагъэр ипэ дыдэу щызыхилъхьэр и унагъуэращ, адрей зыхьхьэхэми ар щызэрихьэну кьытохуэ. Ауэ адыгагъэр дауэ зэрызепхьэнур, жьIпэмэ, ар зозыгъэхьэр хабзэрауэ согупсыс...

Адыгабзэ Iурылъу, пьэпкъ Iуэху зезыхуэу хамэ щIынаIъ щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм ягукIэ куэд ягъэв. Къайсэр Хасэм хэт ХьэкIашэ Ерчэн апхуэдэу кьыткъуIнуэращ нэхъыщхьэу иГу кьеуэхэр:

- Зи хэкужь ирахуа адыгэхэм кьащIэхъуа быну, нэгъуэщI кьэрал кьыщалъхуауэ щыпсэуэр куэд дыдэ мэхъу, - жиIащ абы. - ИГъащIэми я адэжь щыналъэ зымылъэгъуа а цIыхуэм «диаспорэ» инджылызыбзэ псалъэкIэ йоджэ. «Диаспорэ цIыху» ухъуныр гумрэ гупсысэмрэ зыгъэзуэ узыфэщ. Ар кьызыхэкIыр зызытет щIым и хабзэмрэ уи гум и хабзэмрэ зэрыщэтемыхуэращ.

Адрейхэм къах ощ

Нэгузыжьыжу екIуэкIа щэнхабзэ зэкъыхьэм гухэхъуэрэ гупсэ хугъуэу кьыхэхтам нэмыщI, а зекIуэр сэркIэ Iыхьэ лейуэ гуапэт: Къайсэр щыпсэуэр кьыщIэкIащ ди унэкъуэщ куэд, езыхэми си хъыбар зэхахри, пьагъынпъагъэу кьыслхуэкIуат. Апхуэдэу Iэмал сиIащ абыхэм ящыщу си щыпхьуитI я дежь сыщыхьэщIну. Кьаныкъуэхэ я пхъурылъхуэхуэ Зубейдэрэ Мэржанрэ сэздыгъэдэсым, Истамбыл дэсу я щIалэ Iуэ. ЖамботейкIэ зэджэ адыгэ кьуажэм. Ахэр псори кьызытекIуэрэ яIуатэр Iуэбэмыррэ Кьаныкъуэрэ зэкъуэшитIырщ, Кьанщауэ и кьуэрылъхущ Тыркум щыпсэу Кьаныкъуэхэ я нэхъыжь, илъэс 75-рэ зи ныбжь Ерэфэ. Хэхэсу кьэхъуами, щIэблэ дахэщ ди унэкъуэщхэм кьащIэувар - адыгэ тепльэрэ хьэл-щэнкIэ адрейхэм кьахощ...

* * *

АДЫГЭ фестивалыр зэфIэкIри, кьыкIэлъыкIуэ махуэм нэгузыужь зекIуэ тхуащIащ - Каппадокиекlэ зэджэу Тыркум щыIэ щыналъэ текIуэльыджэм дашащ. Ар дуней псом щыщIэрыIуэ щIыпIэщ, мывэ абрагъуэхэр, бгъэущIагъ тельъыджэхэр щыкуэду. Мы щIыпIэм тхьидэшхуэ пIэжащ, Ауэ абы репортаж щхьэхуэ хуэфащэщ.

КЪАНЫКЪУЭ Заринэ,
тхакIуэ, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ.

ЗэIущIэм кьыщопсалъэ Бекъшокъуэ Алексей. *Сурэтыр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

ЩIалэгъуалэм щапхъэ хурехъу

Кьэнжал зауэр зэриухрэ илъэс 300 зэрырикъум теухуа зэIущIэ жиIэныгъэ Кэнжэ кьуажэ библиотекэм щекIуэкIащ. Абы кьрихьэлIащ Абхьазым щызэхуахэм я зэхьэныгъэм и унафэщI Бекъшокъуэ Алексей, а зэгухьэныгъэм и правленэм хэт щIалэхэр, Афганистаным и ветеранхэм я союзэу КЪБР-м щыIэм и унафэщI Тхьэгъэлэдж Тимур, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, Гуманит ар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балькъэр щIэныгъэ институтым и лэжьакIуэ Къущхьэбий Анзор. Кэнжэ кьуажэ администрацIэм и тхьэмадэ Пащынокъуэ Олег, жылэм дэс нэхъыжьыфIхэр.

- ИлЪЭС 300 и пэкIэ адыгэ лъэпкым зэрихьа лIыхъужьыгъэм и фэеплъыр къэнжал Iуащхьэр, - жиIащ зэIущIэр кьыщIэзыуихым библиотекэм и унафэщI Бэрэгъун Жаннэ. - Лъэхъэнэ жьыжьэм кьрым хьаным и дзэм зэрихьэ лейм адыгэхэр щыпсэщIэтар а Iуащхьэм дежщ. Абдеж щызэхуэхьа зауэшхуэр кьызэрекIуэжам теухуауэ жаIэхэр зэтетхуэрэкым. Нобэрей ди зэIущIэми лъабжьэ хуэхьуар абы и пэжыпIэр щIалэгъуалэм кьедгъэщIынырщ, апхуэдэ ита нэхъыжьыфIхэм зэрахьа лIыгъэм абыхэм щапхъэ хедгъэхьынырщ.

ХьэщIэхэм ящыщу Бекъшокъуэ Алексей ипэ псалъэ щратым, кьыхиГъэщащ адыгэ лъэпкыр зэрыгушхуэн щIалэхэр Кэнжэ жьылэжьым кьызэрыдэкIар икIи Абхьаз зауэм лIыгъэрэ хахуагъэрэ кьагъэльагъуэу щыIаxэм я щIэ-унэщIэхэр кьрилъэщ.

- Лъэпкым щхьедрэгъуэ хабзэмрэ нэмысымрэ ящыщ. Ди лъэпкым ар зэхуэмэжьынукъым абы щIэблэ имыIэмэ, и цIыхуэхэр зэкъуэувэу я гуащIэр зы Iуэхум хуамыгъэпсмэ, - жиIащ Бекъшокъуэм. - Куэдрэ жаIэу зэхьщIох а аргументхэр зэгурыIуэныгъэ, гурымыуэу, зэныкъуэкъуу кьеежIакIуэ. Ауэ дауэ михъуами, бийр я щIыналъэм кьыщихьэм ахэр зэкъуэуващ. ХьэтIохъущокъуэ Кургъуокъуэрэ абы и зауэлIхэмрэ зэрахьа лIыгъэр тхыдэм ихуащ. Къэнжал зауэр зэририхьэ илъэс 300 зэрырикъуэр Iэтауэ дгъэльэпIэну дыззэрызэтымкIэ дэ зы лъэпкым дгъэпудыркъым, нэгъуэщIхэм я ехьулIэныгъэ зэтхьэлIэну дыхэткым, атIэ ди тхьэлIэ зыщыдгъэгъупщэ зэрымыхъунрщ, кьытщIэхьуэ щIэблэм я деж ар нэтхьэсын папщIэщ апхуэдэ Iуэхуэхэр кьыщIэздгъэпэщыр. ДиIэр дывгъэхьумэж, тхьидэм яхуэфащэ пщIэр едгъэгъуэ яхуэтщIурэ щIалэгъуалэм яхэдвгъапщэ, ди нэхьыжьхэм кьызэранэкIа гъащIэ гъуэгуанэм щапхъэ кьыхэдгъэх.

Адэжь Кьущхьэбий Анзор Кьэнжал зауэр кьызэрытехьеикIам, абы адыгэхэм текIуэныгъэр кьызэрыщахьам тепсэльыхьащ.

- Адыгэхэм текIуэныгъэр кьызэрахьам теухуауэ хьыбар зэтемыхуэхэр щIэщ, - жиIащ Кьущхьэбийм. - Пэжщ, бзаджагъэ гуэрхэми хуекIуауэ кьыщIэкIынщ ахэр. Дауи, тыншкъым мини 10 фIэкIа мыхьу зауэлIхэр мин 50 хьу дзэм пщIэтыжьу, абы кьыщыжьыгъуэ хэбгъэщIу ну. Ауэ ар яхуэзфIэкIащ адыгэхэм. НэгъуэщI зы льэпкьи кьыхэмыIэбэу, кьэбэрдеим и закъуэ кьихьа текIуэныгъэщ ар. Кьэбэрдеипщхэм я зэныкъэкъуф щагъэтщ, зэкъуэгуэзри, бийм ят екIуащ. ГурыIуэгъу зыщ «Узыкъу этмэ - улъэщщ» псалъэжьым и мыхьэнэр.

- Мыпхуэдэ зэIущIэхэр щIэх-щIэхыурэ егъэкIуэкIын хуейщ, - жиIащ Тхьэгъэлэдж Тимур. - КьызыхэкIа лъэпкым и тхьдэ зыщIэхуэ ящIу, абы и лIыхъужьхэр яцIыхуу щIэблэр кьэгъэтэджьнымкIэ абы щхьэпагьыщхуэ иIэщ. Нэхъыжьхэм я IуэхущIапIэ дахэхэр щIалэгъуалэм я Iуэхущ. Щыпкъэ Iуэхугъуэм хуэдэхэр щIэхщIэхыурэ утыку кьитхьэу дыт епсэльыхьыпIхьэщ. Си гугъэщ абыкIэ ди хэкур тхуэзыхьума ди адэжьхэм яхуэфащэ пщIэр едгъэгъуэ зтыюку.

Кьыжьм и тхьдэ теухуа зэхьхьэхэр республикэпсо мазхуэшхуэу кьызэгъэпэщыным зи гуащIэ хэль псоми фIыщIэ яхуищащ Пщынокъуэ Олег икIи а Iуэхугъуэшхуэм ди лъэпкым фIыгъуэ кьыхудэкIуэну зэрыщыгугъри кьыхигъэщащ.

Зэ Iущ Iэм адыгагъэм, цIыхугъэм теухуа усэхэм кьыщеджащ Нот Иннэ, кьафэ дахэхэр ягъэзэщIащ Инэжокъуэхэ Исламрэ Дисанэрэ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иэз.

Кьаныкъуэхэ я пхъурылъхуэхуэ Зубейдэрэ Мэржанрэ.

Концертыр езыгъэкIуэкIахэу Гумэ Маринэрэ (Налшык) Думэныщ Фаридрэ (Къайсэр).

Каппадокие щыналъэм Къаныкъуэ Заринэ фэеплъ сурэт щытрахащ.

Къаныкъуэхэ я нэхъыжьымрэ я щIэблэмрэ.

Хьэкlашэ Ерчэн

Бзаджэ Рэгъип

Бешто Илмэз

Битокъу Оксанэ къофэ.

IэщIагъэм къыхиха Быгу Майе

• ЩIэныгъэ

«КъызгурыIуэркъым нэгъуэщI бзэ зэбгъэщIэну ущIыхуэмеинур. ЦIыхум Iурылъ бзэр удз къыхэкIагъащIэм и гъэгъэнхэм ещхьщ, дэтхэнэми езым хуэдэ щымыIэу. Хамэбзэ зэбгъащIэмэ, нэгъуэщI дуней къыпхузэIуех, куэд щIа гупсысэхэм мыхьэнэщIэ егъуэт, зэгъэпщэныгъэщIэхэм, къэпсэлъыкIэщIэхэм ухуегъасэ, хамэ лъэпкъым и гум урехьэ».

Апхуэдэу жеIэ ЕгъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ институтым хамэ къэралыбзэхэмкIэ и кабинетым и унафэщI Быгу Майе. Романо-герман бзэхэмкIэ филолог IэщIагъэр къызэрыхихам щытепсэлъыхьым, абы къыхигъэщащ цIыхум ич сыт хуэдэ лъэбакъуэри и дуней тетыкIэм, зэрыпсэу щIыкIэм елъытауэ зэрыщытыр. «Узыпэрыхьа Iуэхум дэрэжэгъуэ къыуитмэ, зыгуэр зэфIэбгъэкIын папщIэ залымыгъэ зумыхыжмэ, уэ пхуэфащэ, укъызыхуигъэщIа унэтIыныгъэр къыхэпхауэ аращ. Ар гъащIэм уи увыпIэр къыщыбгъуэтынымкIэ IэмалыфIщ. Абы щыгъуэм деж уи къалэну къэувыр езы лэжьыгъэр зэребгъэкIуэкIырщ, къыпэкIуэ хъерыр - IэщIагъэм щызыIэрыбгъэхьа ехъулIэныгъэхэрщ. А гъуэгум гъунапкъэ иIэкъым. Ауэ зы узыхуэмей хэлъщ - ар арэзы узыхуэхъужынырщ. Мис ар сыт хуэ- дэ творческэ Iуэхуми и кIэухщ».

Майе зи гугъу ищIым зэреджэр «лъагъуныгъэщ». Зыхуигъэувыжа къалэнырщ гухэхъуэгъуэ къезытри, аращ насып мыкIуэщI хъужари.

Школым зэрыщеджар, псалъэщIэхэр зэрызэригъэщIар, инджылызыбзэмкIэ дерсыр къыхуэмыгъэсу пэплъэу, дакъикъэ 45-р напIэзыпIэм блэкIыу къыщыхъуу зэрыщытар игу къыщигъэкIыжым, Майе зыкъиумысыжащ и гъащIэ псор зыхухиха а дерсым нэхърэ нэхъыфIу илъагъу зэрыщымыIар.

Зригъэгъуэтыну IэщIагъэр къыхэхынми куэдрэ егупсысакъым Быгур - инджылызыбзэрт иджыну зыхуейр. Диплом плъыжькIэ университетыр къызэриухам и гугъу щищIкIэ абы жеIэ: «Си анэм жиIат: стипендие къыумыхьмэ, еджэныр хыфIэбдзэнурэ лэжьакIуэ укIуэнущ. Сэ фIы дыдэу седжэн хуейт, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, си стипендием унагъуэр хуэныкъуэт».

КъБКъУ-р къиуха нэужь, сабий зэчиифIэхэм инджылызыбзэр нэхъ кууэ щрагъэдж интернатым лэжьэн щыщIидзащ бзылъхугъэм. Гугъутэкъым абы щебгъэджэну. «Инджылызыбзэр кууэ зыджыну хуей сабийхэрт абы къакIуэр. Нэхъыщхьэр зэлъытар егъэджакIуэрат, абы и Iуэху бгъэдыхьэкIэрт. Гупсэ хуу къодаIуэ, яжепIэр зыпхъуатэ цIыкIуххэр ебгъэджэныр сытым дежи гухэ хъуэщ».

Хамэ къэралыбзэ хэр пщIэн зэрыхуейм щытепсэлъыхькIэ, Быгум къыхегъэщ абы щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэр зэрыригъэфIакIуэр, нэгъуэщI лъэпкъ къыхэкIахэм зэпIэзэрыту ябгъэдэтыным цIыхур зэрыхуигъасэр, псэукIэ зэмыщхьхэм щыгъуазэ зыпщIыным узэрыришалIэм.

Майе егъэджэныгъэ Iуэхум илъэс 13 хухихащ. ЕгъэджакIуэм и къалэным, и лэжьыгъэр зэрызэтриублапхъэм щытепсэлъыхькIэ абы жеIэ: «Сабийхэм я щыуагъэр къигъэнаIуэу, щысу абыхэм я жэуапым едаIуэракъым егъэджакIуэ хъужыр. Ар компьютерми хузэфIэкIынущ. АтIэ егъэджакIуэ нэсым ныбжьыщIэхэр къыдихьэхыфу, дерсым жыджэру къыхишэфу щытын хуейщ. Апхуэдэущ сыткIи щызэгурыIуэ, щызэрыщIэ зэпсэлъэныгъэ зэраухуэр, ар къохъулIэн папщIэ дерсым и лIыхъужь нэхъыщхьэу щытыпхъэри еджакIуэращ».

Майе ЕгъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ институтым инджылызыбзэмкIэ и кабинетым и унафэщIу 1981 гъэм ирагъэблэгъащ. А лъэхъэнэм ирихьэлIэу абы езым и лэжьыгъэ бгъэдыхьэкIэр иубзыхужат, цIыхур псалъэмакъым къыхишэфу зригъэсат. Абы къызэрилъытэмкIэ, цIыхур еджэным дебгъэхьэхыным нэхъыщхьэ дыдэу хэлъыр аращ.

Институтым зэрыщылэжьа илъэс 25-м кърикубыдэу Майе республикэр къызэхикIухьыну хунэсащ, ар щыIащ къуажэ нэхъ пхыдзахэм дэт школхэми. ЕгъэджакIуэхэр зыхуигъасэр зыт абы - япэ щIыкIэ ныб жьыщIэхэр гъунэгъуу зрагъэцIыхунырт, абыхэм я жагъуэ ямыщIынырт. «Ар ухуэмейуэрэ къыпIэщIэщIэ Iуэхущ. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, сабий зеиншэм и адэ-анэр щылажьэм ущIэупщIэныр гуапэкъым. Апхуэдэр цIыкIухэм ягъэгъуркъым. Зы дакъикъэм абы игу къыпщыкIынкIэ хъунущ, ебгъэдж предметми гукъыдэж хуиIэжынукъым». Езы Майе инджылызыбзэр дихьэхыу, егугъуу езыгъэдж псоми я цIэ-унэцIэр ещIэ. «Псэ хьэлэлкIэ лажьэхэр умыцIыхункIэ Iэмал иIэкъым, цIэ лъапIэ гуэри зэрызыIэрагъэхьэным пымылъу, ягурэ я псэкIэ хэпщIауэ лэжьыгъэм пэрытхэщи. Апхуэдэхэр залымыгъэкIэ изошалIэ категорие нэ хъыщхьэ зэрызрагъэгъуэтын лэжьыгъэ хэр ягъэхьэзырыным. КъапщтэмэкIэ, къызгуроIуэ абыхэм я Iуэху еплъыкIэр. Щытхъуми пщIэми къыпэкIуэ хъерыр псэкIэ зыхащIэ абыхэм, я гур зыхуэпабгъэмрэ я лэжьыгъэм къигъэув къалэнхэмрэ зэтохуэри. Аращ насыпкIэ зэджэжри».

МЭЛБАХЪУЭ Зинаидэ.

Си ныбжьэгъуфIу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и макъамэ гъуазджэм и хъумакIуэ нэсу щыта Сэкрэк Хьэсэн Шэджэм районым хыхьэ Нартан къуажэм 1928 гъэм къыщалъхуащ. Курыт еджапIэ нэужьым ар хэхуащ Ленинград дэт консерваторием къыщызэIуаха къэбэрдей оперэ студием ягъэкIуэну къыхаха ныбжьыщIэхэм икIи 1947 гъэм абы щеджэн щIидзащ. Сэкрэкым и курсэгъуу щытахэщ псэуху ныбжьэгъугъэ пэжкIэ зыбгъэдэта композиторхэу Къардэн Хьэсэнрэ Балэ Мухьэдинрэ.

Зы IэнатIэм хуэпэжа

Сэкрэк Хьэсэн псэужамэ, и ныбжьыр илъэс 80 ирикъунут

• Фэеплъ

СЫМАДЖАГЪЭМ, щIыуэпсыр зэремызэгъым къыхэкIыу фIы дыдэу еджэн щIэзыдза Хьэсэн еджапIэр къыхуэухакъым. Дохутырхэм трагъэчыныхьри, 1949 гъэм абы и хэкум къигъэзэжащ. Мис а зэманым щыщIэдзауэ дунейм тетыху Сэкрэкыр хуэпэжащ зы Iуэхум: зэчий зыбгъэдэлъ цIыхухэу - уэрэджыIакIуэхэр, к омпозиторхэр, музыкантхэр - лъэпкъым къыхэкIхэр сэтей къэщIыным. Хьэсэн ирихьэкIа лэжьыгъэ IэнатIэхэр зэрыт тхылъым къыщыгъэлъэгъуар зыщ, республикэ радиорщ, и къулыкъур - макъамэ нэтынхэмкIэ редакторщ.

ЦIыхухэм фIыуэ ялъэгъуа уэрэдхэр нобэр къыздэсым радиокIэ зэрызэхатхыр Хьэсэнщ зи фIыщIэр. Илъэс 44-кIэ ар зыхуэпэжа лэжьыгъэм и лъэужь дахэ къыхинащ, зигъэпсэхуну тIысыжын и пэ къихуэуи Къэбэрдей-Балъкъэрым и макъамэ гъуазджэм и дыщэ гъэтIылъыгъэу фонотекэ телъыджэ зэхуихьэсат. Абы къызэщIеубыдэ макъамэу, уэрэду минитхум щIигъу. Егъэлеиныгъэ лъэпкъ хъунукъым фонотекэм хэлъ псори здэщылъ щIыпIэр Хьэсэн ищIэрт жыпIэкIэ. Уэрэд гуэрым ухуей хъуамэ, занщIэу къыбжиIэфырт абы сыт хуэдэ инвентар бжыгъэ тетми, зыгъэзащIэ артистри, абы пшынэ е пианинэ щIэжьыуэ щIэтмэ, а Iэмэпсымэм еуари, псалъэхэмрэ макъамэмрэ зейри, уэрэдым нэгъуэщI гъэзэщIэкIэ иIэ-имыIэри, нэгъуэщIхэри. Абы къегъэлъагъуэ Сэкрэкыр и лэжьыгъэр фIыуэ зэрилъагъум къыдэкIуэу цIыху гурыхуэуи зэрыщытар.

Хьэсэн и гуныкъуэгъуэшхуэт уэрэдхэмрэ макъамэхэмрэ зытет пленкэхэр жьы дыдэ зэрыхъуар, и хъуэпсапIэ нэхъ ин дыдэри ахэр лазер дискхэм тригъэтхэнырт, ауэ и нэр къызыхуикIым и Iэр лъэIэсакъым.

Сэкрэк Хьэсэн къаруушхуэ ирихьэлIат радиом и хорыр егъэфIэкIуэным. Дауэ хъунт утыку къихьэ уэрэджыIакIуэхэм, Къэрал филармонием, Музыкэ театрым щылэжьэну артистхэм я кIыщу къэплъытэ хъуну хорым зумыгъэлIалIэу?! А гупым ядэлэжьэным, студием макъамэхэр щегъэтхыным, зэчий зыбгъэдэлъ цIыхухэр къыхэшын папщIэ республикэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ кIуэным, жыпхъэ зэхуэмыдэхэм ит макъамэ лэжьыгъэхэр къыхэзых худсоветым хэтыным - а псоми хурикъурт Хьэсэн и зэманри и къарури. Арат абы и гъащIэр, и сабийм хуэдэу фIыуэ илъагъур. Хорыр щызэбграгъэкIыжым къулыкъущIэ куэдым я бжэм Iухьащ ар, апхуэдэу пщIэ зэрымыхъунур, лъэпкъым и къулеигъэу щыт гупыр Iыгъын, гъэлэжьэн зэрыхуейр яжриIэу. Ауэ абы зыри къедэIуакъым, псэухуи ар и гум абрэмывэ хьэлъэу телъащ.

И къулыкъум пэжкIэ зэрыбгъэдэтым папщIэ, Сэкрэкым къыхуагъэфэщауэ щытащ «СССР-м щIыхь зиIэ и радист» бгъэхэIу дамыгъэр, «СССР-м и телевиденэмрэ радиомрэ я отличник» цIэ лъапIэр, «Лэжьыгъэм и ветеран» медалыр, СССР-м и МинистрхэмяСоветым телевиденэмрэ радиовещанэмкIэ и къэрал комитетым и щIыхь тхылъхэр.

Сэкрэк Хьэсэн радиофонотекэр зэхуэхьэсыжыным, ар хъумэным зезыгъэлIэлIа лэжьакIуэфI къудейтэкъым, атIэ адыгэ хабзэм пхъуитI щIэзыпIыкIа адэ гумащIэт. Абы и щхьэгъусэ Аннэрэ езымрэ яку дэлъа зэхущытыкIэ дахэм къыхэхъукIа Заремэрэ Мадинэрэ я бынхэм гъащIэм хэмызэгъа яхэткъым. Абыхэм я гуфIэгъуэ нобэ зымылъагъу Хьэсэн дыхуэарэзыщ, абы къимыгъэщIар и щIэблэм Тхьэм къахупищэ.

БЕКЪАЛДЫ Илэ,
УФ-м и Журналистхэм я союзым хэт.

• Узыншагъэ

ХэмытIэсэн папщIэ

Хабзэ зэрыхъуащи, лэжьапIэ IэнатIэ Iут цIыхухэм илъэс къэс гъэмахуэкIэ-бжьыхьэпэ лъэхъэнэм дохутырхэр закIэлъагъэплъ. А Iуэхугъуэм и къалэн нэхъыщхьэщ узыфэ зэхуэмыдэхэр хэмыгъэтIэсауэ наIуэ къэщIыныр, ахэр къызэуэлIа къахэкIмэ, и чэзум еIэзэныр. Дохутырхэм гулъытэшхуэ хуащI тхьэмбылым, гум, лъынтхуэхэм, лъым пыщIа узыфэхэр къэхутэным. Апхуэдэ диспансеризацэ мы махуэхэм Налшык щокIуэкI.

КЪАЛАЩХЬЭМ и IуэхущIапIэхэмрэ IэнатIэ зэхуэмыдэхэмрэ я лэжьэкIэм тещIыхьа план-график щхьэхуэм тету къызэгъэпэщащ мы Iуэхугъуэр. Къэпщытэныгъэм я нэхъыбэр щекIуэкIыр Налшык дэт поликлиникэ №1-рщ. Мы IуэхущIапIэм щIыгъуу лэжьыгъэм жыджэру хэтщ Республикэ лыщх, жьэн узыфэхэм щеIэзэ диспансерхэр. Абыхэм а узыфэхэм ятеухуа къэхутэныгъэхэр щрагъэкIуэкI, апхуэдэ къызэуэлIа цIыхухэм къахэкI хъумэ, занщIэу еIэзэным яужь йохьэ.

Псори зэхэту диспансеризацэм лэжьакIуэ мини 3-м щIигъу къызэщIиубыдэнущ. Мы зэманым я узыншагъэм иIэ щытыкIэр къэрагъэхутакIэщ цIыху 2750-м щIигъум. Абыхэм ящыщу уз гъэтIылъа зимыIэу къалъытар процент 33-м нэсыркъым. Поликлиникэхэмзыщагъэхъужынхуейуэ къыжраIащ зэплъахэм я процент 52,6-м, япкърыт узыфэхэм елъытауэ сымаджэщ зэхуэмыдэхэм Iэмал имыIэу щIэгъуэлъхьапхъэщ проценти 2-р.

Мыхьэнэшхуэ зиIэ мы лэжьыгъэр зэфIах зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI, щIэныгъэ куу зиIэ, псом ящхьэращи, цIыхум и узыншагъэм тегузэвыхь, ар езыгъэфIэкIуэну хуей медицинэ IэщIагъэлIхэр.

ТАУ Эльмирэ,
Налшык къалэ администрацэм и пресс-IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ.

КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэм ирихьэлIэу

Къущхьэ Сэхьид и къуэ КIыщыкъуэ (1923 - 1998 гъгъ.) къэрал лэжьакIуэ цIэрыIуэт, 1969 - 1984 гъэхэм ар Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и УнафэщIу щытащ, IуэхуфI куэди зэфIигъэкIащ.

●ГъащIэ гъуэгуанэ

Генералым и къуэ

Деппуев Владимир и адэ танкист хахуэ, генерал, Хэку зауэшхуэм лIыхъужыгъэ зэрихьэу хэта Хьэким и цIэм иропагэ.

ДЕППУЕВ Владимир Хьэким и къуэр 1939 гъэм къалъхуащ. 1944 гъэм балъкъэрхэр хэкум щрашым Владимир илъэситху хъуауэ арат, ауэ псори фIы дыдэу ещIэж: гъатхэпэм и 8-р, сабийхэми балигъхэми я гъыкIэр, кIий макъыр. ЗэрыжиIэмкIэ, зэи и тхьэкIумэхэм икIыжыну къыщIэкIынукъым ахэр.

Адрей балъкъэрхэми хуэдэу, Деппуевым и унагъуэм ишэчащ хамэщIым щрахьэкIа илъэсхэм я гугъуехьыр. Сыт хуэдизу и сабиигъуэр хьэлъэу щымытами, Владимир ищIэрт и лъэпкъым и нэр къыщыплъэжын махуэр къызэрысынур, гъащIэр мамырыгъэрэ хуитыныгъэкIэ къаззрыхуэупсэжынур.

Тэн Iус Ростов машинэ ухуэныгъэмкIэ и институтыр Владимир къиухащ икIи абы щызригъэгъуэта IэщIагъэмкIэ КъБР-м илъэс 40-м щIигъуауэ хуолажьэ. Владимир 1961 гъэм "Цветметприбор" заводым зэпкърылъхьакIуэу лэжьэн щыщIидзащ, иужькIэ 1972 гъэм, «Севкавэлектроприбор»-м и инструмент цехым ягъэкIуащ. Ар лъагъуэ хуэхъуащ Деппуевым и ехъулIэныгъэхэм. «СКЭП»-м щыIэху инструмент цехым и унафэщIым и къуэдзэу, унафэщIу, заводым и IэтащхьэмикъуэдзэущытащI. 1986 гъэм Владимир «Севкавэлектромаш»-м и унафэщIым коммерцэ IуэхухэмкIэ и къуэдзэу ягъэкIуащ, 1990 гъэм «СКЭП» заводым и унафэщI хъуащ. ИльэсийкIэ а IэнатIэр иIыгъауэ, акционерхэм я зэIущIэм аргуэру Деппуевыр «СКЭП» ОАО-м и унафэщIу хахыжащ, нобэр къыздэсми щолажьэ.

Заводымрэ абы щылажьэхэмрэ зыхуей зэрыхуигъэзэным хущIэкъу зэпытщ унафэщIыр: метр зэбгъузэнатIэ мин 25-рэ къызэщIэзыубыдэ IуэхущIапIэ иригъэщIащ, машинэ 90 зыщIэхуэн гараж, цIыху 650-рэ зыщIэхуэ шхапIэри щIыгъужу.

Атом гидростанцхэм, хьэршым яутIыпщ челнок "БУРАН"-р зыхуэныкъуэ пкъыгъуэхэр щагъэхьэзыру щытащ «СКЭП»-м икIи къэрал 42-м щIэупщIэшхуэ щиIащ абы щащIхэм. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, иджыпсту и лэжьыгъэр тIэкIу къызэтеувыIащ. Абы щхьэкIэ къэмынэу, и Iэр иримыхьэхыу, Деппуевыр хущIокъу заводыр зэрихъумэнымрэ къызэрызэфIигъэувэжынымрэ. Жэуаплыныгъэ зыхэлъ унафэщIым ар хузэфIэкIыну уегъэгугъэ.

Деппуевым и ехъулIэныгъэхэм КъБР-ми УФ-ми я медалхэмкIэ, я щIыхь тхылъхэмкIэ, саугъэтхэмкIэ пщIэ хуащIащ.

БАХЪСЭН Алий.

• ЩIэ

Фильмыр утыку кърахьэ

Совет Союзым и ЛIыхъужь Къардэн Къубатий Хэку зауэшхуэм щызэрихьа лIыгъэм теухуащ Къуэжэм Исмэхьилрэ Мизиев Таубийрэ зэгъусэу траха «Си къуэш Къубатий» фильмыр.

АР КЪУБАТИЙ къыщалъхуа Аушыджэр къуажэм щыпсэухэм ирагъэлъэгъуащ. Сыхьэтрэ ныкъуэкIэ екIуэкIа фильмым и презентацэм хэтахэщ Шэрэдж куеймрэ абы хыхьэ къуажэхэмрэ я администрацэхэм я унафэщIхэр, КъБР-м и РОСТО-м и лIыкIуэхэр. Кхъухьлъатэзехуэ хахуэм и гъащIэмрэ и зауэ гъуэгуанэмрэ къэгъэлъэгъуа щыхъуа фильмыр абы еплъа псоми ягу дыхьащ икIи Аушыджэрым и тхыдэм мы лэжьыгъэм увыпIэшхуэ зэрыщиубыдынур жаIащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

●Нарткъалэ

Гъэ еджэгъуэщIэм хуагъэхьэзыр

Нарткъалэ дэт 6-нэ курыт еджапIэр къызэрызэIуахрэ иджы хуэдэу зэгъэпэщыныгъэ лэжьыгъэшхуэ щекIуэкIакъым.

ШКОЛЫР зэрагъэху абэри зытхьэщIыпIэхэри зэрахъуэкI. Апхуэдэу зыхуей хуагъэзащ районым и егъэджакIуэхэм информатикэмкIэ дерс щхьэхуэхэр щыдрагъэкIуэкIыну еджапIэм къыщызэIуаха пэшхэри. Лэжьыгъэм текIуэда мылъкур федерал бюджетым къыхэкIащ. Мыдрей класс пэшхэр езы егъэджакIуэхэм зэрахьэжащ. Курыт еджапIэм и хъуреягъым гъатхэм щыхасауэ щытащ жыг зэмылIэужьыгъуэу 200-м нэс. Абыхэм псоми зыкъаIэтащ, школым и Iэгъуэблагъэр ягъэдахэ.

Удзыжьхэр паупщI

Нарткъалэ и «Горхоз» муниципальнэ IэнатIэр республикэм щыпашэхэм ящыщщ.

МЫБЫ и лэжьакIуэхэр къалэм и теплъэр егъэфIэкIуэным зэрыпылъым къыдэкIуэу, цIыхухэм я узыншагъэмкIэ зэран хъу удзыжьхэр ягъэкIуэд. Гъатхэм къыщыщIэдзауэ хэнейрэ паупщIащ удзыжьыр. А лэжьыгъэр къащегъэпсынщIэ техникэкIэ нэхъ къызэгъэпэща зэрыхъуам.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

УФ-м и Къэрал Думэм и депутат, Шынагъуэншагъэм-кIэ комитетым хэт Абельцев Сергей иджыблагъэ щыIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым тезырхэр щрахьэкI и IуэхущIапIэ зыбжанэм.

● Къэрал IуэхущIапIэхэм

ФIыщIэ къахуещI

ФСИН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр управленэм и унафэщI Абыдэ Ахьмэд и цIэкIэ абы къигъэхьа тхыгъэм къыщыхигъэщащ илъэгъуахэм арэзы зэрытехъуэр. Къэрал Думэм и депутатым гупсэхуу зыхигъэгъуэзащ зи Iуэхур зэхагъэкIхэмрэ тезырхэр зыпшыныжхэмрэ щаIыгъ щIыпIэхэм я щытыкIэм, а IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэм яхуэзащ.

«Сэ слъэгъуащ узиунафэщI IэнатIэр пщалъэ нэхъ лъагэ дыдэхэм къызэритIасэр, фи лэжьакIуэхэр я къалэным дэгъуэу зэрехъулIэр, тезырхэр зыпшыныжхэм я Iуэхур щыIэ хабзэхэм тету къызэрызэвгъэпэщыр. Уи цIэкIэ фи лэжьакIуэ псоми си гум къыбгъэдэкIыу фIыщIэ яхузощI я пщэрылъхэр фIы дыдэу зэрагъэзащIэм, дисциплинэ ткIий зэрахэлъым, яхь жэуаплыныгъэ иныр зыхащIэу я къалэным пэжу зэрыпэрытым папщIэ», - щыжеIэ абы и тхыгъэм.

Апхуэдэу Абельцев Сергей къигъэлъэгъуащ къызытекIуэхьа Iуэхур Къэрал Думэм и депутатхэмрэ тезырхэр щрахьэкI IэнатIэхэмрэ я зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэнымкIэ, уголовнэ-гъэзэщIакIуэ системэр егъэфIэкIуэнымкIэ зэакъылэгъухэр зэкъуэзыгъэувэну IэмалыфIу зэрыщытыр.

Депутатым къыхигъэщащ УФ-м и ФСИН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и IуэхущIапIэхэм зэрыщыIам кърикIуахэм, илъэгъуа лэжьыгъэфIым Урысейм тезырхэр егъэпшыныжынымкIэ и Федерал къулыкъум и унафэщI Калинин Ю. И. зэрыхигъэгъуэзар.

Тэрч адрыщIым къыщыхъуар

• Хъыбар

БОРЫКЪУЕЙ адыгэ къуажэжым пэмыжыжьэу щыIа Джулат быдапIэм и тету щытам зым нэхърэ адрейр нэхъ дахэжу пхъуитI иIэт. Хъыджэбз нэхъыжьым ФаризэткIэ, нэхъыщIэм ДанизэткIэ еджэрт. Нэхъыжьыр къамылыфэ дахэт, нэхъыщIэр сырыхущ зыхужыпIэным хуэдэт. ХъыджэбзитIми IэпкълъэпкъзэкIуждыдэяIэт, къатеплъэр занщIэу къыдахьэхырт, хьэщыкъ ящIырт, ягумрэ я псэмрэ хуимытыжу къагъанэрт. ТIуми я ишэгъуэ дахэу къыпщыхъурт, арщхьэкIэ хъыджэбз нэхъыжьым и дэкIуэгъуэ блэкIат.

Мы хъыджэбзитIым я хъыбарыр фIыкIэ щыIуат ДжылахъстэнеймиТэлъостэнейми. Абыхэм щIалэ куэд яхузэблэкIырт, ауэ зыми иракуну яхузэфIэкIыртэкъым. Абыхэм мычэму плъакIуэ яхуэкIуэрт Тэрч адрыщIми мыдрыщIми щыщ лъэпкъ цIэрыIуэхэм къахэкIа щIалэ зэкIужхэр. Мы хъыджэбзхэм я хъыбар куэдрэ зэхихат Къуэгъуэлъкъуэ лъэпкъым щыщ Аслъэнбэч щIалэ къуданым. Мыр Тэрч адрыщIым фIыуэ къыщацIыхурт и лIыгъэмкIэ, и хьэл-щэн дахэмкIэ, и хабзэ-нэмысымкIэ, и цIыхугъэ лъагэмкIэ. Ар шуейт, IэщэкIэ IэкIуэлъакIуэт, таучэлышхуэ зиIэ, лIыхъужьыгъэ зыхэлъ цIыхут. Арати, зэрыхъуIам ирехъу жиIэри, ар, и шы-уанэ зэтелъым шэсри, ежьащ зи нэхъыжьыгъуэ хъыджэбзым зыхуигъэзэну, хэгъэрей зыхуищIыну, хъыджэбзыр игу ирихьмэ, и гурылъ щэхухэр хуиIуэтэну. ЗдэкIуэнум нэса иужькIэ, бзаджагъэм хуекIуэри, хъыджэбзым зыхуигъэзащ: я куэбжэм Iухьэри, псы иригъэфэну елъэIуащ. Абдежым япэ зэхуэзэгъуэти, тIури зэгуэкIуащ. Зэрыгъэпэжыну, зэрылъытэну Тхьэ зэхуаIуэри, щIалэр зэрымыгушыIэм и щыхьэту дыщэ, Iэлъын хъыджэбзым тыгъэ хуищIащ. Куэдыщэрэ зэхуэмызауэ икIи фIы дыдэу зэрымыщIыхуауэ Аслъэнбэч щIалэ зэкIужым хъыджэбз нэхъыжьым лъыхъу хуигъэкIуащ, адыгэ хабзэм тету. Хъыджэбзыр арэзыти, лъыхъу кIуахэм щIалэр зыхуей жэуапыр къахьащ. Абы и ужькIэ, куэд дэмыкIыу, щIалэм хъыджэбз нэхъыщIэ Данизэтыр елъагъу. Ар апхуэдизкIэ дахэт, зэкIужти, Аслъэнбэчыр абы занщIэу хьэщыкъ ищIащ. Хъыджэбзыр узримыгъэплъу дахэт: и набдзитIыр къурашэт, и нэкIур дыхьэрэнт, и Iупэхэр, балий хъуам ещхьу, плъыжь дахэт, и нэ пIащитIым нурыр къащIихт, и IэпкълъэпкъырзэкIужт, и нэкIур зэлъыIухат. ЩIалэм игури и псэри хуит къищIыжри, хъыджэбз нэхъыщIэ Данизэт иритащ. Ар Фаризэт игу техуэнт? Ди жагъуэ зэрыхъущи, техуакъым. И шыпхъу нэхъыщIэр абы дунейм трилъагъуэ мыхъу хъуащ, и щIасэр зэрыдихьэхам щхьэкIэ. Ар мычэму егупсысырт и шыпхъу Данизэтым удын бзаджэ зэрыридзын Iэмалым. Арати, зы пщэдджыжь гуэрым гъэпщIагъэкIэ Фаризэт и шыпхъу нэхъыщIэр иришэжьащ: «НакIуи, ди адэм и кхъуафэжьейхэр тедзапIэм къызэресылIэм дегъэплъ, хьэуа къабзэкIэ дыгъэбауэ», - жиIэри. Арати, бгы задэм къызэрысу, Данизэт мывэшхуэм дэкIуеящ, нэхъыбэ зригъэлъагъун мурад иIэу. И шыпхъу нэхъыжьыр абы и ужь иту къакIуэрти, напIэзыпIэм Данизэт и бгыр иубыдри, Тэрчыпс къэукъубеям хидзащ. «Уей, си шыпхъу дыщэ, си шыпхъу закъуэ, уи Iэр къысхуэший, мы псым сумыгъэтхьэлэ! - къэкIиящ гузэвэгъуэр къызылъыса Данизэт. - Сыкъегъэл, збгъэдэлъ мылъкум и ныкъуэри дяпэкIэ сиIэнум и ныкъуэри узот!» «Хьэуэ, си шыпхъу, сэ укъезгъэлыну сыхуейкъым. Уэ улIэнщи, уи щIы Iыхьэр сэ къыслъысынщ. Сэ къызэпщIамкIэ аращ уэ пхуэфащэр». «Уей, си шыпхъу закъуэ, атIэ уи Iэлъэр къысхуэший, уи щIалэр уэстыжынщ», - къэкIийрт хъыджэбзыр, псы уэрым ар нэхъри жыжьэ Iуихырт. «Уретхьэлэ! - жиIэрт Фаризэт. - Сэ уэ IэкIи IэлъэкIи сыноIусэнукъым! Уэ Тэрчыпс уэрым уитхьэлэнщи, сэ си щIасэр къысхуэнэжынщ».

Арати, Данизэт тхьэмыщкIэр, и шыпхъу нэхъыжьыр еплъурэ, псым иригъэтхьэлащ икIи хуэм дыдэурэ ар щыпсэу я быдапIэм дыхьэжащ. Хьэдэр зэм псым къыдридзейуэ, зэми щIигъэмбрыуэурэ щхьэлым нэс ирихьэхащ. Абдежым щхьэлтетымрэ абы и пхъумрэ хьэдэр псым къыхахыжри, ныджэм тралъхьащ.

Дыхьэрэн нэкIурэ лъагъугъуафIэ дыдэу удзыпцIэм хэлът хьэдэр. Налкъутымрэ мывэ цIу дахэхэмрэ ягъэщIэращIэрт абы и щхьэ дыщафэр. Дыщэ бгырыпхым абы и бгы псыгъуэр зэпикъузыкIат, и бостей хужьым щIэда дыщэ кIэIудэм и лъакъуэ зэкIужхэр щIихъумэрт. КъопсэлъэнымхуэдэущылъщхьэкIэ, абы и псэр хэкIат. IупщIт псэр, къуалэбзу цIыкIуу, хьэршым зэрылъэтэжар.

Зытхыжар
ЕРЖЫБ Аслъэнщ.

Сыт сщIэн хуейр?

• Гукъеуэ

ПЩIЭШХУЭ зыхуэсщI «Адыгэ псалъэ»! Уи къыдэкIыгъуэхэм щIэх-щIэхыурэ къытохуэ щIэджыкIакIуэхэм я гурыгъу-гурыщIэхэр къыщагъэлъагъуэ тхыгъэхэр. Сэри сыхуейщ си гуныкъуэгъуэр пхуэсIуэтэну.

Сэ пасэ дыдэу лэжьэн щIэздзащ. Хэку зауэшхуэр къызэрыхъейуэ, си адэр ираджэри лIыгъэ хэлъу бийм япэщIэтащ. Курск деж щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэм хэкIуэдащ. Си шыпхъу нэхъыщIэмрэ сэрэ ди анэм дыкъыхуэнати, абы гуфIакIэкIэ къихь гъавэ тIэкIумрэ хадэм къитхымрэ дыкъуэпсэукIырт. 1953 гъэм еблanэ классыр къэзухауэ, гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм сылэжьэну мурад сощI. Езанэ бригадэм и унафэщIыр ди гъунэгъут икIи ди благъэт. ПщыхьэщхьэмядежсокIуэри, солъэIу лэжьыгъэ къысхуигъуэтыну. МахуитI дэкIауэ бригадирыр къызоджэ нэхущым ирихьэлIэу. «ПIытIэ (арат КIэрэф Ахъмэтхъан мыгъуэр къызэрызэджэр), псынщIэу зыгъэхьэзыри къыдэкI», - жеIэри. Шыгу къекIуэлIам сотIысхьэри, губгъуэм докIуэ. Апхуэдэу, бадзэуэгъуэ мазэм и 10-м япэу си гъащIэм лэжьэн щIызодзэ.

Махуэ ещанэм комбайнер ЛIыуасэ Iэуес къызоупщI. «Мышэ, паспорт пIыгъ», - жеIэри. А псалъэм кърикIыр къызгурымыIуауэ, Iэнкун сыхъуауэ зыкъомрэ сыщыта нэужь, къыпещэ: «Къэпщ жыхуэсIэр, къэп! Пщэдей щыщIэдзауэ уи бгым щIэпхауэ къэхь, сэ уэ пхуэхьыну пэгунищыр махуэ къэс уэстынщ». Иджыри къэс согупсысри апхуэдэу Iэуес щIытегушхуар къысхуэщIэркъым. Нэхъыжьхэм ящIэж а зэманыр ткIийуэ зэрыщытар, зы гъавэ пэгун щхьэкIэ сабий, балигъ жаIэу емыплъу уагъэкIуэдынут, уагъэтIысынут. Iуэхугъуищым къыхэкIауэ собж апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэшхуэр. Япэрауэ, къызэрызжаIам хуэдэу, хьэуазэр копнителым из зэрыхъуу къизгъэхурт. Езы Iэуес мыгъуэми фIыщIэ къысхуищIат, бригадирри къысщытхъурт. Хьэщlэ нэхъыщхьэ кърихьэлIами я гуапэ хъурт. ЕтIуанэу, адэншэу дыкъызэрынарт. Ещанэу цIыхубэр иджырей ерыскъыкIи, щыгъынкIи, гъэсыныпхъэкIи хуабжьу гугъу ехьырт. Абыхэм къахэкIыу игу къысщIэгъуагъэнт.

Апхуэдэурэ гъавэ Iухыжыныр дыухыху а жыхуиIа пэгунищыр - тIэкIу нэхъыбэ щыхъуи къыхэкIыу, къызитурэ къэсхьащ. Курыт еджапIэр къэзухыху апхуэдэу илъэси 4-кIэ сылэжьащ. Гуэдз тIэкIурэ нартыху хьэжыгъэрэ зэхэлъу зэрахьэжыр Iэрыщхьэл цIыкIут - ди анэм лэкъумрэ чыржынрэ тхуищIурэ дигъэтхъэжырт. Абы и ужькIэ еджапIэри къэзухащ, дзэ къулыкъури есхьэкIри, си анэ закъуэм деж къэзгъэзэжащ. Си шыпхъур абы щыгъуэ Къаншыуей яшат, Ардавэхэ я нысэт. Зы тхьэмахуэ фIэкIа зызмыгъэпсэхуауэ колхозым и комсомол организацэм и унафэщIу сагъэув. ИужькIэ Тэрч райкомым и бюром сыхагъэхьауэ щытащ. А лэжьыгъэм сыкъыпэрашри, 1967 гъэм курыт еджапIэм сагъэуващ, пэщIэдзэ дзэ гъэхьэзырыныгъэмкIэ ныбжьыщIэхэр езгъаджэу.

Абы лъандэрэ илъэс 40-м щIигъуащ. Мы еджапIэм щысхьащ си гъащIэм и илъэс нэхъыфI дыдэхэр (еблanэ унафэщIым сыдолажьэ). Ахэр хуэунэтIауэ щытащ сабийхэм щIэныгъэ егъэгъуэтыным, гъэсэныгъэ яIэным, къыхахыну IэщIагъэм хуэущииным. Си еджакIуэу щытахэр куэд щIауэ адэшхуэ, анэшхуэ хъужахэщ. Абыхэм къахэкIащ IэщIагъэлI куэд, депутатхэр, щIэныгъэлIхэр яхэтщ. Псори унагъуэ хъарзынэ хъужауэ мэпсэу, цIыху хьэлэлхэщ, жумартхэщ.

Си гъащIэ гъуэгуанэм щыщ куэд сигу къокIыж, а псори схуэтхыжынкъым, ауэ мыр къыхэзгъэщыну сыхуейт: школыр къыщызух гъэм урысыбзэмкIэ дезыгъаджэ Лазаревэ-Борисовэ Нинэ Иван и пхъум диущияуэ щытащ тхакIуэшхуэ Горькэм и псалъэхэмкIэ: «Си щхьэ Iуэху сэ зезмыхуэжмэ, хэт сэ къысщхьэщыжынур? Си щхьэ фIэкIа фIыуэ сымылъагъумэ, сыщIэпсэум и мыхьэнэр сыт?» Ари сигу къэкIыжри, письмо кIапэ нэстхыну мурад сщIащ. ЕгъэджакIуэм и лэжьыгъэр зэрыгугъур куэдым ящIэ, и улахуэр зэрыцIыкIуми псори щыгъуазэщ. Сэ «шыпшэр уанэу» зэи сыщытыфакъым, сыт хуэдэ Iуэхугъуэм теухуауи си еплъыкIэр жысIэу сесащ. Арагъэнщ иджыри къэс пщIэ зиIэ зы саугъэти сыщIимыIэр. Къыстралъхьэхэр си хьэлъэу, гурэ псэкIэ хьэлэлу дэтхэнэ IэнатIэри, лэжьыгъэри есхьэкIыу илъэс 50 хъуауэ сылажьэми, иджыри къэс «Лэжьыгъэм и ветеран» медалри сиIэкъым. Сыт сщIэн хуейр захуагъэр зэфIэувэжын папщIэ?

КЪАНДРОКЪУЭ Хьэжсет.
Тэрч куей,
Астемырей къуажэ.

● Футбол

ЦСКА-р пкъом кърегъэл

«Спартак-Налшык» - ЦСКА (Мэскуу) - 0:0. Налшык, «Спартак» стадион. Щыщхьэцум и 24-м. Щыху 10000 еплъыщ.

Судьяхэр: Безбородов, Лебедев (тІури Санкт-Петербург щыщщ), Семёнов (Гатчинэ).

«Спартак-Налшык»: Хомич, Ятченкэ (Шумейкэ, 90+1), Кисенков, Джудович, Амисулашвили, Гогуа, Дзыхьмыщ (Самсонов, 65). Мэщыкьуэ, Джатэрыв, Сирадзе, Фелипе (Калимуллин, 71).

ЦСКА: Акинфеев, Березуцкий В., Игнашевич, Григорьев, Березуцкий А., Одиа (Рахимич, 85), Шемберас, Алдонин, Дзагоев (Мамаев, 63), Жирков, Вагнер Лав.

Дагъуэ хуащІащ: Мэщыкьуэм, Фелипе, Дзагоевым, Березуцкий А., Одиа, Шемберас, Джудовичи, Григорьевым.

ЯПэ КЪЕКІУэКІыГЪУэМ Мэскуу щы1эу мы командитІым я зэІущІэм «Спартак-Налшыкыр» 1:0-у зэрыщытекІуар куэдым зэрымыщІэкІэ къэхъуауэ къащыхъуащ. Абы щэч къытрахьэртэкьым ЦСКА-м и футбо листхэми. Икіи вэсэмахуэрей зэІущІэм ар псоми наІуэ щыщащІыну щІэхъуэпсырт. АрщхьэкІэ дыдейхэри фІырыфІкІэ къратъэкІуэтхэм зэи яущащкьым. Мис иджыри апхуэдэ хъунущ.

Джэгум и пэ кьихуэу стадионым кърихьэлІахэм гуапэу къратъэблэрьэжащ Пекин щекІуэкІа Олимпиадэм чемпионыгу щыхъуа Хьуэт Аслъэнбэч, жэз медаль кьыщызыхьа Аккаев Хьэжмурат, зэкІэ апхуэдэ льагапІэхэм нэмысыфрами, куэдкІэ дызыщыгугъ Джэдэнэ Алим сымэ.

Щыху минхэм Іэгуауэ им абыкъэм хуаІэтащ икІи льэпкь лІыхъужьхэм хуэдэу ягъэльэпІащ.

Зэ1ущІэм пщыхьэщхьэм сыхьэтихьым щІидза пэтми, дыгъэр идыкуи гуащІэти, хуабэр градус 30-м щІигъурт. Аращ къызыхэкІар командэхэм хьэльэ-хьэльэу джэгун зэрыщІадзар. ХьэщІэхэм я льэр зэблахьыф къудейуэ кьыпщыхьурт икІи я хьэрхуэрэгъуэхэм нэхърэ нэхъ Іейуэ х уабэм кьигъэдзыхэрт. Налшыкдэсхэм кьару кьызыкуэхьифаи икІи Джатэрывэм, Дзыхьмыщым, Фелипе мэхкуудэсхэр хуабжьу щагъэпІейтей кьэхъуащ. Бжыгъэр кьызэІуихыну Іэмал ГъуэзджэкІхьхьуэкІэт Мэщыкьуэми - Березуцкэ зэхьуэшхэм ящыщ зым Іэщ1экІри Аслъэн топым еуащ, арщхьэкІэ ар гъуэм хуэзакьым.

Командхэм загъэпсэхуу кьыщыхьэжам дыгъэр тысхат икІи джэгур нэхъ псынщІи удэхьыхьэхи хъуат Мыбдежми нэхъ жыдкэрыр «Спартак-Налшыкыр». КІуэ пэтми абы и тепщэныгъэр нэхъ ин хъурт икІи 82-нэ дакьикъэм ЦСКА-р къезыгъэлар гъ ум и пкъорщ - Сирадзе и кьару кьызэрихькІэ еуащ икІи Акинфеевым Іэщ1экІа топым кьызэгъэзэфар штангэрщ.

Зэ1ущІэр и кІэм нэблагъэхуэкІэ хьэщІэхэм я кьарур нэхъ щІэкІырт. Ди щІалэхэм япэмылъэщІххэ щыхьум, абы хэм футбол хабзэр кьызэпаудурэ Іуэхур зэрыстемыгъэзкІуэным хуагъэкІуащ.

Налшыкдэсхэм ахуэзфІэкІакьым джэгуГуэух хьуауэ ЦСКА-м и гъуэм топ зэрыдамыгъэжьыр кьызэпаудыну. Абы щхьэкІэ къэмынэ, «Спартак-Налшыкым» арэзы дыкъыщІащ - куэдым кьайхьуэлІэркъым Гъаззаевым и гъэсэнхэм онкоихэм щыщу 4-р кьыфІахьын. КьищынэмыщІауэ, ЦСКА-м мы гъэм ди гъ уэм зы топи кьыдигъэкІыфакъым!

Адрей командхэхэм щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэрызэдэдэжгъэм кьарикІуа бжыгъэхэр: «Пермь» (Грозный) - **«Локомотив»** (Мэскуу) - **2:1**, **«Рубин»** (Къзэан) - **«Химки»** (Химки) - **2:0**, **«Шинник»** (Ярославль) - **«Томь»** (Томск) - **0:1**, **«Спартак»** (Мэскуу) - **«Динамо»** (Мэскуу) - **1:1**, **«Сатурн»** (Мэскуу область) - **«Луч-Энергия»** (Владивосток) - **2:1**, **«Москва»** (Мэскуу) - **«Амкар»**(Пермь) - **0:1**, **«Крылья Советов»** (Самарэ) - **«Зенит»** (Санкт-Петербург) -**0:3**.

КьыкІэлыкІуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» Мэскуу щригъэжьІуэкІынущ. ЩыщхьэІум и 31-м ди щІалэхэр «Спартакым» Іущ1энущ.

ЖЫЛАСЭ Заур.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и премьер-лигэм и турнир таблицэ

Командэхэр	Дж.	Кь.	З.	Фі.	Т.	О.
1. «Рубин»	19	11	6	2	28-14	39
2. «Динамо»	19	10	5	4	26-19	35
3. «Амкар»	19	9	5	5	20-13	32
4. «Спартак»	19	7	9	3	31-26	30
5. ЦСКА	19	7	8	4	25-15	29
6. «Зенит»	19	7	7	5	32-24	28
7. «Крылья Советов»	19	6	9	4	24-17	27
8. «Спартак-Налшык»	19	7	4	8	18-20	25
9. «Локомотив»	18	6	7	5	23-19	25
10. «Тэрч»	19	7	3	9	17-26	24
11. «Томь»	19	6	4	9	17-24	22
12. «Москва»	19	5	7	7	19-21	22
13. «Сатурн»	19	5	6	8	17-21	21
14. «Луч-Энергия»	19	3	8	8	14-24	17
15. «Шинник»	18	3	5	10	19-29	14
16. «Химки»	19	2	7	10	22-40	13

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Зэ1ущІэ нэужьым

ГАЗЗАЕВ Валерий,

ЦСКА-м и тренер нэхъыщхьэ:

Лъэр зэщІэнат

- ЗЭ1УЩІЭРхьэлъэ-хьэлъэу екІуэкІащ. Дауи, тынщкъым апхуэдизу дунейр хуабэу уджэгуну. КьищынэмыщІауэ, зыхэтщІащ къэралым и командэ кьыхэхам бэрэжьеиі махуэм щыджэгуа щІалэхэм ешауэ кьызэрагъэзэжар. Абы кьыхэкІыу дызэрыгъэтемыгъэкІуар тэмэму кьызэлъытыгъ.

КРАСНОЖАН Юрэ, *«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:*

Дытекіуэфыну щытами, бжыгъэм зытедгъэгусэркъым



- ДЖЭГУМ и япэ Іыхьэм елъытауэ етІуанэр нэхъ кьыдэхъуІаш. Дыщыгугъащ Фелипе и псынщІагъыр къэдгъэсэбэпу хьэщІэхэм деб-гъэрыкІуэну, арщхьэкІ кьиКІаишхуэ щыІэкъым. Загъэпсэуу кьихьэжа нэужь, ди дежкІэ гъэтхуэжащикІи абы екъуэлІэныгъэ кьитхуихьыным зымащІэщ иІэжар. Дытекіуэфыну Іэмал хъарзынэ диІами, бжыгъэм зытедгъэгусэркъым - ЦСКА-м зыкІи дыкъыпнкІуэтакъым, уеблэмэ дыщефІэкІар нэхъыбэщ.

Зытхыжар **МЭЗКУУ Къанщобийц.**

ШУМЕЙКЭ Виталий:

Налшык лейуэ сыщыІэкъым

***Урысей Федерацэм футболымкІэ и чемпионатым и япэ Іыхьэр зэрщухьу «Спартак-Налшыкым» и гъащІэхъхъуэмэ Шумейкэ Виталий щалъхуа Украинэм исъэужат абы щыджэгуи мурад иІэу. Зэман кІэщІым къриубыдэу футболистым командитІым зыкъыщигъэлъэгъуащ, ауэ и Іуэху кьикІакьым. «Спартак-Налшыкым» хэкІыжьи мурад щІищІам тедгъэстлъхьыну абы зыхуэдгъэзащ.**

- Виталий, дапщэщ командэм ухэкІыжыну мурад щыщІар?

- Мы гъэмахуэрыр. ИльэситІым нэблэгъауэ Налшык сыщыІэщи, а зэманым кьиІуубыдэу сызэрыхуейм хуэдэу сыдджэгуну Іэмал згъэтэкІыным. Фэ зэрафщІэщи, фуболистым и дежкІэ нэхъыщхьэр джэгуныгъ. Дублым щыІэн хуейр щІалэгъуалэрщ, абыхэмэ я гъэзэгу зэпызупщІыну сыхуейкъым. Аращ Украинэм сыщІэкІуэжари. Унэм сыпэгъунэгъуэм нэхъ кьасщтэрт.

- ГъащІэм кьызэригъэлъэгъуащи, «Спартак-Налшыкым» щІэрэ щхьэрэ щызрагъэгъэтуэтауэ нужьыІэ зэ1ущІэ командхэм хьыхьхэм я нэхъыбэм я Іуэхухэр кьикІакьым. Хэти нобэр кьыздэсым запрасым щыІэщ, хэти футболым зэкІыжьынащ, дивизион нэхъыщІэм щымыджэгуфахэри щыІэщ, абы и лъэныкъуэкІэ уэ ущІэпІейтеи щыІэ?

- Мыр футболщ. Нобэ уи Іуэхур кьикІынкІэ хъунущ, пщэдей удэхуэхьинри хэлъщ, ауэ, зэрыжаІэщи, Іей мыхъу фІы хъужыркъым.

- Мариуполь и «Ильичевецым» укьыщІэта хуэдэу ящыпІэри, командэм сэлам еплъыжьат, арщхьэкІэ, тхьэмахуэ нэхъ дэмыкІыу кьэзгъэзэжащ. Сыт щхьэусыгъуэр?

- Пэжу, «Ильичевецым» и унафэщІэхэр сэрэ дызэгурыІуат мы ильэсым щыщІдзауэ я командэм сыщыдджэгуну. Абы кьэхэкІыи, си хьэпшІыпхэр зэщІэскъуэжри Мариуполь сыкІуащ. СызэрыкІэу клубым и президентым къызэІапІ Іуэхуэм зэрызихъуэжар, сыкъызэращэхуэн мылъку зэрамыІэр. Сыт щІэнт, махиущ сыщыІэри Налшык кьэзгъэзэжащ.

- Куэд дэмыкІыуи Украинэм аргуэрыкУ бгъэзэжащ.

- Одессэ и «Черноморецым» и тренер нэхъыщхьэ Шевченкэ Виталий си Іуэхур Мариуполь кьызэрыщимыкІар кьыщицІэм, телефонкІэ кьызэпсэлъащ икІи и деж сригъэблэгъащ. Абы кьызжиІащ си джэгукІэм зэрыщыгъуазэр, ар игу зэрырихыр, и командэм сыхэтынуи зэрыхуейр. Клубым сыкъыхэпсэ щхьэкІэ медицинэ, спорт кьэпщІэгъыгъэхэри езгъэжьэкІащ. АрщхьэкІэ, кьэхъуари мыгурыІуэгъуэу, си мурадхэр зэуэ кьэлъэлъэжащ. Си гугъэмкІэ, Іэмал згъэтэкІыр ахъщэмкІэ зэгурыІуэ. Арати, Налшык сыкъэкІуэжащ.

- Иджы кьыпхуэнэжыр Налшык зыщыбгъэдыдэнырщ.

- Чемпионатыр иухыным иджыри зэ1ущІэ 11 иІэщ, зыгуэрКІэ си Іуэху кьикІынкІэ хъунщ. СлъэкІ кьэзгъэнэжкьым, гу зылъэгъэтэн щхьэкІэ.

- Уи Іуэхур кьызэримыкІар футболистхэм дауэ кьащыхьуа?

- Пэжыр жыпІэмэ, сэ зыми сепсэлъэкьым абы теухуауэ. Апхуэдэм деж гугъэщ учнрджэщну. Клубым сыщыхэкІыжьым щыгъуэ си гум зихуэзыт сызэса командэр, сыдэзыхьэха Налшык кьалэр кьызэрызгъанэм щхьэкІэ. Мыбы щыщІыІэ гуапагъэм, щытыкІэ дахэм хуэдэ нэгъуэщІ щІыпІэхэм кьыщыбгъуэтыну гугъущ.

- Урысей Федерацэм и премьер-лигэм щыІэжьу командэхэм ящыщ кьыщІэупщІащ?

- Сигу кьэзгъэкІакьым нэгъуэщІ командэ сыхьыхьэну. Налшык зэрыслъхьэжьнур Украинэрати, абыкІэ сыщылъхьэсыщІ. Налшык си Іуэхур кьыщимыкІыну кьасщІэмэ, аргуэрыжьу УкраинэмкІэ командащІэ сыщылъыхьэуи щІэздзэжьнущ. Ауэ сэ иджпсту «Спартак-Налшыкым» сыхэтщІи, ейуэ мыбы сызэрыщымыІэр псоми язгъэлъагъун хуейщ.

Епсэлъар **БЭТОКЪУЭ Албэчщ.**

«Спартак-Налшыкымрэ» ЦСКА-мрэ я зэ1ущІэ нэужьым командэм и топджэгуэм захуэдгъазэри, ар къызэрыщыхьуам тедгъэпсэлъыхьащ.

Самсонов Олег: «Нобэрей хуабэр тІэкІу зэран кьытхуэхьуащ, армыхъумэ ЦСКА-м дытекІуэн хуейуэ щытащ. Зэ1ущІэм и япэ Іыхьэр кьыдэмыхъуІаш, етІуанэр футболеплъхэми командитІми, псом хуэмыдэу, «Спартак-Налшыкым» хэтхэм, ягу ирихьауэ щытын хуейщ.

Япэ ильэсхэм чемпионатым увыпІэ льагэ щызэІыгъ командхэм датекІуэмэ, ахъшэ саугъэтхэмкІэ дагъэпэжэрт, ди жагъуэ зэрихъуащи, апхуэдизу мы гъэм щыІэкъым. АтІэ, дэ дытекІуащ УЕФА-м и Кубокыр зы1эщІэлъхэу «Зенитми» ЦСКА-ми, ари абыхэм я унэ дыщы1эу, «Рубинри» хэдгъэщІащ.

ЗЭКІЭТЪХьЭУЖЬУ джэгуГуищым щытекІуа и ужькІэ, кьыхагъэщІащ «Спартак-Налшыкым» и щІалэгъуалэ командэр. Псори хъарзынэу екІуэдІу хуэзгъэкІуар. Адрей зэ1ущІэр и кІэм нэблэгъэпауэ хьэщІэхэм текІуэныгъэр кьахуэзыхьа топыр Рыжовым кьыхутригъэкІащ.

ЦСКА-м зэрэ нэхъыфІу джэгуахэм ящыщащ Къэхъуэ кьуаж эм щыщ гъащхьэхуэмэ Къуэшы Амир. Абы «Спартак-Налшыкым» и гъуащхьауэхэр щыІэщІэкІа къэхъуакьым.

Иджы щыгъуаз фахудощІ адрей командхэхэр иужьу зэрыздэджэгуам кьарикІуэхэм: «Тэрч» (Грозный) - **«Локомотив»** (Мэскуу) - **3:0**, **«Рубин»** (Къзэан) - **«Химки»** (Химки) - **4:0**, **«Шинник»** (Ярославль) - **«Томь»** (Томск) - **0:1**, **«Спартак»** (Мэскуу) - **«Динамо»** (Мэскуу) - **2:2**, **«Сатурн»** (Мэскуу область) - **«Луч-Энергия»** (Владивосток) - **5:0**, **«Москва»** (Мэскуу) - **«Амкар»** (Химки) - **3:1**, **«Крылья Советов»** (Самарэ) - **«Зенит»** (Санкт-Петербург) -**0:1**.

КЪЭХЪУН Бэч.

Щалэгъуалэ зэпеуэ

Джэгур и кІэм нэсыпауэ...

«Спартак-Налшык» - ЦСКА (Мэскуу) - 0:1 (0:0). Щыщхьэ Іум и 23-м. Нартксалэ. «Химик» стадион. Щыху 500 еплъащ.

Судьяр Гукасов (Армавир).

«Спартак-Налшык»: Краценкэ (Радич, 46), Соблыр, Шэрий, Шумейкэ, Васин (ГъущокІуэ, 46), Балькъэр, Зрум, Степанов, Бикмаев, Фрунзе (Караущ, 46), Къэжэр (Хъубж, 46).

ЦСКА: Томазан (Абакумов, 46), Рыжов, Зайцев, Щенников (Арсланов, 46), Кьуэшы, Кудрявцев (Жирков Н., 90+3), Протопопов, Андреев (Драгунов, 79), Воробьев, Осени, Климеев.

Топыр дигъэкІащ Рыжовым, 86 (0:1).

Дагъуэ хуащІащ: Арслановым, Рыжовым, Зрумым.

● Щапхъэ

И мурадым ерыщу хуэкІуэ Іэпщэ Альбинэ

Дэтхэнэ зы нэхъыжьри щогуфыкІ и щІэблэр гъащІэм льэ быдэкІэ хэувауэ, щІэныгъэм хуэпабгъэу, ерыщу и мурадхэм хуэкІуэу щиІьаГъуКІэ. Апхуэдэ гуфІэгъуэрэ дэрэжэгъуэрэ къэзылъхуахэм езыт ныбжьыщІэхэм ящыщщ Іэпщэ Альбинэ Аскэрбий и пхъур.

НАЛШЫК щыт 27-нэ курыт еджапІэр 2005 гъэм хъарзынэ кьэзыхуха пщащэм мурад ищІат кьэралым и щыхьэрым щеджэнри, кьехъуІащ. Ар Мэскуу дэт кьэрал социальнэ университетым и юридическэ кьудамэм и студентщ. ЕщанэкурсыР фІы быдэу кьэзыхуха хьыджэбзыр и лъахэм кьагъэкІуэжри, КьБР-м и Суд Нэхъыщхьэм практикэ щылащ икІи зыдэлэжьахэм гунэс ящыхьуащ.

Гъэ еджэгъэщІэр къэсащ, Альбинэ Мэскуу егъэзэжри, хьуэхъукІэ зыхуагъаззэ: узыпэрыхьэжыну еджэныгъэм ехъулІэныгъэхэр ущІІэну, уи кьэкІу энур дахэу, уи Іэщ1агъэкІэ уцІэрыІуэу, зах уагъэм урителъхьэрэ фІыкІэ уи цІэр яІуатэу, уи пщІэр лъаГэу, нэмысымрэ хабзэмрэ уи гуаззэу упсэуну ди гуапэщ. Насыпу щыІэм я нэ хъ льапІэмкІэ Тхъэр кьыпхуэупсэ!

Уи анэ Маринэ, уи шыпхъу ФатІимэ, уи Іыхьлыхьэр.

Малевич и гъэсэнхэм я гъэлъэгъуэныгъэ

Иджыблагъэ Урыс музейм кьыщыз1уахуащ Малевич и гъэсэн сурэтыщІхэр Ермолаевэ Верэрэ Суетин Николайрэ я гъэлъэгъуэныгъэ.

МУЗЕЙМ и пэш зыбжанэм щыболъагъу творчествэм ехъулІауэ иІа Іуэху еплъыкІэхэмрэ «совет цІыхуу» зэрызимыльытэмрэ кьыхэкІыу яукІа революционеркэм и Іэдакъэщ1экІ сурэт гъэщІэгъуэнхэр. Кьыхэгъэщыпхъэщ Ермолаевэм и лъжьгъэхэр Урысейм и музей зэхуэмыдэхэм зэрыщащхьумэр, ауэ нэхъыбэр цІыху щхьэхуэхэм я гъуазджэ гъэтІылъыгъэхэм зэрыхэлъыр. Апхуэдэуи гъэщІэгъуэнщ абы и лъжьгъэхэр зыхъумэхэм сурэтыщІым и Іэдакъэщ1экІхэр ягфІэкІа, зэи зэрамыщар. Псалъэм папщІэ, мы гъэлъэгъуэныгъэм и пэ кьихуэу музейм тыгъэ кьыхуащІащ Ермолаевэм и сурэт 40. Иджыпсту Ермолаевэм и сурэту 800 зэрыщыІэр наІуэщ.

Ермолаевэ Верэ и гъэлъэгъуэныгъэм щІыгъуу Урыс музейм щызэхэтщ Суетин Николай и выставкэ. А тІур зэзыштэІар, зэрырагурыІуэгъуэщи, тІури «Малевич и абгъуэм иса бзуу» зэрыщытырщ. ЗэрызэщхьэщыкІыр зыщ: Суетинрэ едэІуат «живописыр чистыр» жыпІэрэ, зэхэт фщІы» жыхуаІа Малевич и псалъэхэм. Баш зыІыгъ щІыхуб кьыкъуэдыхьэу 1937 гъэм щаукІам щыгъуэ Париж зыкІуэжа Малевичрэ Суетинрэ Николай кратат.

Ильэс лэжьыгъэщІэ

Москва и Литейнэ уэрамым тет театрым и ильэс лэжьыгъэр фокІадэм и 5-м кьыз1уехьыж. Япэу ягъэльэгъуэнущ уеакІуэ, сурэтыщІ Хвостенкэ Алексей и уэрэдхэр и Іэмэ, иджыпсту дэнэ щІыпІи дунейм и щытыкІэр щыапхуэдэщ икІи абы десэжауэ щытын хуейщ.

Зы очкыр тэмэму кьызолъытэ, ауэ чемпионатым увыпІэ нэхъ Іыгъэ щыдубдын мурад диІэу щытмэ, зэ1ущІэ кьэс очкоищ кьащитхьын хуейщ.

«Спартак-Налшыкыр» зэпеуэм и япэ Іыхьэм тІэкІу кьытщышынэ хуэдэу кьысщыхьуащ, етІуанэм - зыкъащІэжащ, футболеплъхэми нэхъ трагъэгушхэри, кьыздэгъэрыкІуэн щІадзащ. Пэжыр жыпІэмэ, фІыуэ гугъу драгъэхьащ.

Си гугъэмкІэ, зэ1ущІэр зэриуха нобэрей бжыгъэмкІэ дызэхуэзарэзыуэ дызэбгрыкІыжьын хуейщ».

Епсэлъар **ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

● Каратэ

Японием макІуэ

Каспийск кьалэм щекІуэкІащ каратэмкІэ Ипщэ Федерал щыналъэм и Кубок зэІуха.

УРЫСЕЙМ и командэ кьыхэхар зыхэта зэхьэзэхуэм зэфІэкІыфІ щагъэльэгъащ Къэбэрдей-Балькъэрым и спортсменхэм: Губырэ Бесльэн яІэ ипщэ, Губырэ Сослъэнэрэ КІэмПІарэ Рустамрэ - етІуанэр, Эминовэ Алимрэ Нэхущ Рустамрэ ещанэ увыпІэр кьахьащ. Губырэ Бесльэн ипщэ зэзэуэм кьыдэкІуэу хэтащ Польшэм и Вроцлав кьалэм каратэмкІэ щекІуэкІа Студентхэм я дунейпсо чемпионатым. Абы ещанэ увыпІэр щиубыдащ. Урысейм и гуп кьыхэхам хэту Губырэ Бесльэнрэ КІэмПІарэ Рустамрэ каратэмкІэ Японием щекІуэкІыну дунейпсо зэхьэзэхуэм я зэфІэкІ щагъэльэгъуэнущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

КПРФ-м и Налшык кьалэр комитетым, «Горэм» хьэблэм КПРФ-м и кьудамэу щыІэм гущІыхьэ ящыхьащ Хэку зауэшхэм жыдзэру хэта, лэжьыгъэм и ветеран, коммунист партым 1946 гъэ лъандэрэ хэта **Сытик Николай Петр и къур** зэрыІар икІи абы и Іыхьлыхьэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.

«Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм и лэжьакІуэхэр езыхэм я лэжьэгъу **Бережная Людмилэ Петр и пхъум** хуогузавэ абы и анэ **Бережная Ольгэ Николай и пхъур** зэрыІам кьыхэкІыу.

КъБР-м Экономикэ зыужьынигъэмрэ сатумкІэ и министерствэм и лэжьакІуэхэр езыхэм я лэжьэгъу **Къармокъуэ Мухьэмэд Малил и къуэм** хуогузавэ абы и анэ **Къармокъуэ Сэкинат Мухьэмэд и пхъур** зэрыІам кьыхэкІыу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖъэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жылаев Маритэ, Льостэн Музэ, Ныбэжь Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжыкъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**

ДИХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ещанэ нэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ льэныкъуэкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэуэ Іуэхущ1апІэхэм ядолажьэнымкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ пресс-мэхмкІэ - 42-22-88; ехъджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Мы кьыдэжьІуэхум елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь Дышэкі Соня, редактору Хьэжыкъарэ Алик, корректорхэу Афо Тамарэ (3, 4-нэ нат.), ПхытІыкІ Юрэ (1,2-нэ нат.), корректорхэм я дэІэныкъуэгъу Иуан Занрэ. Компьютерхэр газетым и теплъэр ящІащ: Дол Маринэ, Ныр Саидэ, ГъукІэлІ Рас, сурэтыщІ Бицу Жанэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Інатэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тедзэн хуэдиз сыхьэт 20.00-м. Щыградзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.008● Заказ №2840